



JEZI KRIS AP RETOUNEN

SÈN DOKTRIN

MISYON RÈN KOT LA

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- Misyon ajan satan yo nan mond lan	6
2- Kategori de moun sou tè a	6
3- Misyon satan nan Legliz yo	7
4- Atake vèy denwi yo	9
5- Misyon nan koral yo	9
6- Se pou nou kole nou sou vrè Kreyen yo	10
7- Misyon satan nan fanmi kreyen yo	11
8- Atak kont jèn konvèti yo	11
9- Atake Kreyen yo pa imoralite.....	12
10- Misyon satan a travè manje	12
11- Satan tire avantaj nan refwadisman Kreyen yo	13
12- Satan polye mond lan avèk atik li yo	13
13- Satan voye ajan'l yo tankou gran nan mond sa a	14
14- Misyon satan a travè materyalism	15
15- Misyon satan a travè mizik	15
16- Misyon satan kont timoun yo	16
17- Misyon satan a travè medsin nan	17
18- Misyon satan a travè medya sosyal yo	18
19- Misyon satan a travè Entènèt	19
20- Misyon satan nan lye piblik yo	20
21- Bag envizib	20
22- Bank san	20
23- Bezwen san ijan	21
24- Satan mete ajan'l yo an gad	21
25- Lisifè pa tolere	21
26- Lisifè an kòlè	21
27- Boko Haram se youn nan enstriman nou yo	22
28- Nouvo misyon lisifè	22
29- Leson pou aprann	22
29.1- Konsekans fos doktrin nan	22
29.2- Danje estrikti monden yo nan Legliz la	23
29.3- Bag, chèn, ak lòt bijou	24
29.4- Jèn ajan dyab lougawou yo pou kontrekare nou	24
29.5- Rèv, sonj, vizyon ak revelasyon	24
29.6- Zanmi nan mitan Kreyen yo	25
29.7- Ensekirite lopital yo	25

29.8- Danje mizik yo di ki mizik gospèl la	25
29.9- Estrateji demon yo pou pètibe moman adorasyon nou yo	26
29.10- Danje fim ke yo di ki se fim kretyen yo	27
29.11- Danje kado yo	27
29.12- Danje maryaj ki fèt nan presipitasyon.....	28
29.13- Danje televizyon ke yo di ki se televizyon kretyen yo	28
29.14- Rekonèt ajan satan yo pa atachman yo avèk vanite a	28
29.15- Rekonèt fanm ajan dyab lougawou yo pa abiman yo.....	29
29.16- Non Jezi Kris imite	29
Envitasyon	31

MISYON RÈN KOT LA

Moun mwen renmen nan Senyè a, ak nou tout ki angaje nan konba kont satan ak ajan'l yo, nou te genyen gras tonbe sou misyon yo ke rèn kot la te fikse bay ajan'l yo kont mond lan an nantye an jeneral, ak kont Legliz Jezi Kris la ak Pitit Bondye yo an patikilye. Bondye kontinye mete toutouni riz ak estrateji dyab la pou ke vrè disip Jezi Kris yo ka avanse libman. Priyè nou se ke je nou ouvè anfen sou aktivite ak manèv satan yo, pou nou ka gen plis disènneman nan sa ki konsène zèv li yo nan mitan pèp Bondye a. Ke Letènèl beni lekti nou an, e ke san Mèt nou an, Senyè ak Sovè Jezi Kris kouvri e rekouvri totalman tout nou menm nèt! Amen.

1- Misyon ajan satan yo nan mond lan

Rèn kot la voye ajan'l yo nan mond lan. Li te parèt trè an kòlè e di: Kèl gran pèt! Nou echwe. 50 moun, se tròp nan espas 3 zan. Kèl gran kalamite! De dènye ane sa yo, nou te sibi yon gran pèt a koz de sa ke Nonm sa a (Jezi Kris) kòmanse ap fè a, nou dwe ajì trè vit. Sou 1.2 milya nanm ki mouri 3 dènye ane sa yo, prèske 50 moun monte nan Syèl, eksepte timoun yo. Se yon gran pèt pou nou, e sa tradwi move pèfòmans nou. Lisifè vrèman tris nan sijè sa a e nou dwe ajì vit anvan ke bagay yo anpire. Kounye a, mwen voye nou nan mond lan nan espere yon rapò nan 6 prochen mwa yo. Nenpòt moun ki echwe nan misyon'l lan ta dwe konsidere kòm mò. Kòm nou tout konnen'l, pa gen pitye nan wayòm nou an. Yon ti echèk, konsidere nou mouri.

2- Kategori de moun sou tè a

Kounye a gade ekran an. Gen 3 kategori moun:

1. Kèk ap mache toutouni e yo pou nou. Se sila yo ki poko aksepte Nonm Jis la nan lavi yo. Yo kwense nan bann kwayans e pral sèvi nou pou fèt la, apre viktwa nou an. Nou pral manje chè yo e bwè san yo nan desanm. ***Rès san yo a pral sèvi pou fabrike fa, bijou ak kosmetik yo pou ensanse yo.***

2. Genyen k'ap mache nan rad blan trè briye: Yo dwe atenn yo pi vit posib donk se bann kretyen ki pa gen yon vi priyè ak jèn e ki pa prèske li Bib yo. Nou ka genyen yo pi fasilman.

3. ***Genyen k'ap mache nan rad trè briye e antoure ak dife trè cho. Yo ekstrèmman danjere. Se bann kretyen lapriyè yo ye. Kan nou di "wi", yo di "non" e kan nou konstwi, yo detwi. Si nou fèmen, yo ouvè. E kan nou mare, yo demare. Se bann fou yo ye e se yo menm k'ap deranje wayòm nou an.*** Depi youn nan yo tonbe nan pyèj nou an, touye'l rapidman.

Gade sa ki rive a moun ki kaptire yo men k'ap viv. Kounye a ke Nonm Jis sa a padone yo, y'ap konbat nou. An plis, gade kòman y'ap ekspoze plan nou yo, pouvwa nou yo ak taktik nou yo e pataje kounye a nan mond lan tris eksperyans yo te fè a nan mond fènwa yo, e anpil moun konvèti gras ak temwanyaj yo. Depi nou kaptire yo, fè tout bagay pou touye yo. Ale e sedwi yo. Provoke nan yo bann doulè atrès, bann regrè, bann konfizyon ak povrete. Konsa, yo pral konpromèt fwa yo ak relasyon yo avèk Bondye e retounen. Ale kounye a, pa pèdi tan. Touye yo rapidman anvan ke yo panse pou yo repanti yo ou pou mete lavi yo nan lòd.

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

Mwen voye nou an gran kantite travay e genyen bann nanm pou wayòm nou an. Tan nou an kout. Nonm Jis sa a pral vini chache yo talè. E sa pral mete fen nan plezi nou yo e ak objektif nou yo. Nou bezwen anpil nanm rapidman. Ale, touye e fè bann tèrib ravaj nan kay yo ak legliz kretyen yo.

3- Misyon satan nan Legliz yo

Mwen voye nou nan legliz yo, bay tèt nou volontèman pou netwayaj yo. Fè degre maji sou nouvo yo pou yo ka pa janm retounen menm ankò. Envoke demon yo sou revèy legliz la pou ke moun yo vin an reta. Pa pè koze bann ravaj nan legliz la; tòde dwèt nou nan chak mesaj, alò predikatè yo pral konfi e pral di bann grimas. Pandan mesaj yo, fè ti bebe yo kriye, pou timoun yo fè dezòd, pou jèn yo pale anpil e deplase avèk telefòn yo; e voye flèch somèy pou fè moun yo dòmi. Yo pap ka venk nou, etenn priyè yo; priyè yo a pap travèse do kay yo a si y'ap viv nan peche. Men, si nou rive nan yon legliz e ke **kil la kòmanse pa yon priyè repantans**, kouri donk Nonm Jis la pral egzose priyè yo a e nou pral frape. Men si y'ap priye san yo pat nan kondisyon konfese peche yo, menm si y'ap rele dife syèl la, tout sa pap afekte nou.

Mwen wè kounye ke kèk jèn kwè nan Nonm Jis sa a, byen plis ke granmoun yo; yo se sib nou. An plis, Nonm Jis sa a itilize jèn yo pou genyen plis nanm pou wayòm Li an. Li kontinye ap ekspozè kèk nan sekre nou yo a travè bann rèv ak vizyon. Anpil nan yo pè lanfè a kounye a. Fè yo tonbe e fè ke menm pastè yo Konvate nou. Mwen pral pèmèt sila nan nou yo ki afekte nan legliz yo kote y'ap preche senntete pou pote bann jip, men jip nou yo pral kout ak transparan. Pote bann tangga, bann ti bout jip fann, pou ke yo ka wè kilòt nou. Moun fou yo ki rele pastè yo pa pral ka korije nou piske nou pa pote pantalon. Ekspozè tete nou nan legliz la. Moun ki pral echwe nan misyon sa a, ta dwe konsidere li mouri nan transfòmasyon an poud.

Fè sanblan nou se youn nan yo. Antre nan vrè legliz yo e degize nou an kretyen konvèti. Sible moun ki poko marye ki bouyan yo e fè yo marye avèk nou. Kounye a, detwi vizyon yo, temwanyaj yo ak misyon yo. Detounen kè yo sou Bondye e, anfen, e pa tann touye yo rapid. **Pandan yo marye ak nou, yo komèt yon erè tèrib.** Inisye timoun yo nan legliz yo ak pen ak bonbon, e rann yo rebèl ak paran yo. Travay nan sèvis akèy la e inisye moun yo nan manje y'ap manje a pandan konvansyon legliz la. Sèl kretyen ki renmen priye yo k'ap chape. Inisye tout moun ozalantou nou, e tout moun ki gen rapò seksyèl avèk nou. Nou bezwen plis ajan pou ranplase moun ki sove nan men nou yo. Manifeste tout fòm sediksyon posib, e pouse fèb yo ki pa konn mennen konba esprityèl la pou abandone ak pou yo mastibe. Depi yo pral kòmanse mastibe, lòt demon pral antre nan yo, e pral kenbe yo kaptif.

Kanta nou menm pastè yo, ale nan nouvo legliz yo ki fenk ouvè yo. Nou bezwen plis manm e mwen te ban nou yo. **Pèmèt manm yo abiye jan yo vle nan legliz la. Mwen rekòmande pantalon pou koral nou yo. Antre adiltè nan legliz la pandan n'ap divòse a madan marye nou yo e remarye avèk yon lòt. Pa janm kite manm nou yo kouvri tèt yo nan legliz la.** Pale ak fanm yo de enpòtans pou ekspozè cheve yo nan legliz la e rezon pou yo dwe montre cheve boukle yo a, ki te koute yo chè. Di ak fanm yo ke aparans fizik pa konte devan Bondye, ke bijou yo bon pou fanm yo; ke yo abiye yo nenpòt kòman nan

legliz la ak nan kay yo, ke se pa yon peche pou yon fanm mete pantalon ou bout chòt; e ke Bondye gade nan kè, e non nan aparans. Fòmè yon komite fanm e fè ke pastè yo pa wè pyès rezon pou yo opoze yo ak sa nou mande. Pou se yo pou yo kwè ke mond lan ap fini isi a.

Mwen pral bay nou tout yon pisans espesyal, agreyab e sedwizan, ki pral atire madanm yo nan rad monden yo, makijaj, koulè yo, anbelisma kò a ak pote pantalon nan kay yo ak nan legliz yo, e **yo pral kwè tout sa ke nou pral di**. Pa preche Sali, verite, senntete ak lajistis sinon mwen pral fè nou wont ak touye nou. Sonje kòman mwen te fè kèk pastè wont nan Nijerya ak nan Gana. Jis di yo pou yo bay vi yo a Nonm Jis la e kounye a yo kapab kontinye viv nan peche donk non yo deja ekri nan Liv lavi a. Fè bann fo mirak e nou pral genyen plis manm. Ale nan program televize yo, rezo kable yo anonse ministè nou. Rann non nou popilè nan televizyon. Moun fou yo pral kite vrè legliz yo pou al jwenn nou.

Mwen voye nou pou ban mwen plis glwa pa enpozisyon men yo. Lwil onksyon an ke mwen te ban nou an se pou wenn fou sa a ki te kouri pou bon legliz yo. Vòlè glwa yo e voye'l pou mwen. Fou ke yo ye, yo prefere mansonj lan ke laverite a, alò reyalize dezi yo. Preche yo mansonj. Pa gen pitye pou yo sinon n'ap mouri. Itilize Bib la nan sans movè. Di yo ke se pa yon peche pou ale nan kafe, diskotèk, pou bwè diven ou alkòl, e ke Nonm Jis la te transfòmè dlo an diven. Di yo ke yo ka fimen donk se pa entèdi nan Bib la. Fè maji nan non mirak e detwi anpil nanm. Mwen te ban nou plis pisans pou akonpli bann mirak, geri malad yo, avèg yo, bwate yo, soudè yo, e leve mò yo tou. Nou te dekouvri kòman manipile tout mirak yo, siy yo, ak zèv ki akonpli yo pa Nonm Jis la. Nou ka imite tout travay Li yo, men nou toujou pa kapab imite San Li a.

Tout siy sa yo, mirak, ak gerizon ke nou pral akonpli yo gen yon pri espesyal pou peye. Nou dwe sakrifye youn nan manm nou yo chak ane e pa manje manje ki fèt pa yon fanm. Dèske nou fè yon mirak, maladi sa a ou enfimite sa a pral atrape yon lòt moun, men pa menm moman an pou moun pa sispek. Nou lib pou itilize non Nonm Jis sa a pandan predikasyon nou yo ak gerizon nou yo. Pa bliye ke nou te deja imite tout. **Kòm moun yo te konnen deja ke nou pat kapab prononse non sa a san pini, yo te sispèk chak fwa ke non Nonm Jis sa a pat prononse. Nou te imite tout e gen demon nou yo avèk menm non sa yo. Nou ka itilize yo san risk.**

Anpil moun pral legliz kounye pou mirak, lajan, mari, fanm, pitit, viza, benediksyon, promosyon, travay ak lòt bagay. Konsa, tronpe yo avèk plezi mond lan ak bagay latè yo. Pa pèmèt yo konprann enpòtans ranmase bann trezò nan Syèl la. Men di yo ke Syèl la deja isi a sou tè a. Mwen toujou avèk nou; depi nou rankontre yon danje ou yon òm Bondye pisan, jis fè yon siy e m'ap vini pote nou sekou. Mwen bezwen plis san pastè ak evanjelis. Sedwi yo avèk cham je nou ak kò nou e pouse yo genyen rapò seksyèl avèk nou, epi plase tib nou an sou yo. Kan otèl la sal, lespri Nonm Jis la ap kite yo e legliz la vin sal. Parèt nan sonj avèk yo; abiye nou tankou bann prostitiye nan legliz la; pwatrin nou; tete nou ak kwis nou sifi pou pran yo. Chita toujou kote yo pral wè nou.

Antre nan group akèy la. **Ale nan biwo yo a pou salye yo** si yo pat gade nou pandan kil la. Yon fwa ke yo pral wè nou, dezòmè yo pral konfi pandan

predikasyon yo a, mesaj yo a ak priyè yo a pa pral gen okenn efè. Mache monte desann nan legliz la. Depi ke frè fèb yo pral gade nou, imaj nou an pral ranpli kè yo e yo pral konvwa nou. **Depi yo reziste, touye dife yo a a travè kado yo, aliman yo, anvlòp yo, rad ak bann lòt kado.** Sèl pouvwa Nonm Jis sa a k'ap sove yo nan pyèj nou yo. **Fè tout bagay pou anpeche yo jene. E kan yo deside pou fè 3 jou jèn, fè 9 jou pou bare jèn yo a. Donk nou menm jene plis pase yo, pou nou pa tonbe devan yo.**

Mwen voye kèk nan nou kreye bann lekòl teyoloji pou ansenye doktrin nou an. **Tout moun ki pase nan lekòl nou an pral gen semans nou an nan yo.** Jou y'ap remèt yo diplòm yo, wenn yo ak lwil e posede yo. Anpil legliz nan mond lan te deja kaptire e majorite nan yo dirije pa ajan nou yo. Ale e fè ke predikatè jistis yo pa preche Sali a menm ankò, e ke mesaj yo a parèt amizan. Manm nou yo pi plis nan legliz yo a e menm fè pati ekip dirijan an. Yo pral enfluyansè tout desizyon yo ki pral pran nan legliz la. Mwen pral voye yon pisan demon pou ede nou provoke bann ajitasyon ak konfizyon nan vrè legliz sa yo ak kay manm yo. Mwen ban nou lisans pou fabrike bann chèz plastik. Mwen reyalize ke legliz yo prefere kounya chèz plastik ke chèz bwa yo. Yo pral vin fèb nan lespri e pap janm entèrese ankò a mesaj k'ap preche yo e pral dòmi nan legliz la. Men degre maji sa yo pap reyisi sou kretyen ki renmen priye yo.

4- Atake vèy denwi yo

Mwen pral voye anpil nan nou an Afrik, paske se yon zòn trè danjere pou wayòm nou an. Plizyè nan flèch ki rive sou nou yo soti an Afrik pandan vèy denwi yo. Piske se lè vandredi yo reyini yo pou konbat nou, lisifè mande nou pou nou toujou rasanble lè jedi pou atake yo an premye avèk bann flèch fatig pou ke yo ka chwazi pou yo repoze yo pito ke yo ale nan vèy denwi an. **Moun fou yo pa menm konnen ke yon sèl lan nwit priyè pi pisan ke 3 jou jèn ak priyè.** Depi ke yo dòmi, nou pral vin ba yo manje nan rèv yo; genyen bann rapò seksyèl avèk yo; e simen move zèb nan jaden yo a tou. Yo pral priye ak jene pandan 3 jou ou plis anvan pou yo ka retire degre maji nou yo; yon fwa ke nou pral fè yo dòmi, nou pral kontinye misyon nou an, nan koze tout tip dega nan fanmi yo.

Nou sonje ke Aguamaga, youn nan meyè ajan nou yo, te frappe pa Nonm Jis sa a. Li te reyisi nan plizyè peyi men te frappe pa nonm jis sa a kan li te kòmanse misyon'l lan an Afrik. Alò sila yo pami nou ke mwen voye atake sen an Afrik yo dwe fè atansyon. Dezòmè, si nou echwe nan misyon nou an, mwen pral touye nou. Mechan kretyen sa yo te reyisi detwi viris Ebola a nan Nijerya, ak nan Syera Leyòn ak nan Liberya. Mwen deteste kretyen an Afrik yo, yo toujou ap trouble ak detwi aktivite nou yo, malgre lefèt ke pròp ministè nou yo te anvayi peyi yo a, menm Nonm Jis sa a kontinye voye bann moun detwi plan nou yo. Moun fou yo ki rele gouvènman yo panse ke yo te detwi maladi sa a ak pròp pouvwa yo, nan inyore ke se gras a priyè kretyen yo.

5- Misyon nan koral yo

Antre nan koral yo e fouye mizik ak dans satanik ladan yo. Jèn moun yo pral kopye estil nou ak abiman nou yo. Kòm mwen toujou fè'l, Mwen te trete gòj nou nan labo, e nou pral gen trè bèl vwa. Fouye chan nou yo, fason nou chante, ak dans nou yo nan koral la pou envite bann demon nan legliz la. **Fè moun yo danse tankou nan diskotèk; chaje batè yo ak ògèy e pouse yo jwe rit nou**

yo. Pètibe motè anplifikasyon an tou e fè soti yon son dwòl. Asire nou ke nou kòde tout bagay. **Toujou mansyone sou nonm nan mizik gospèl nou yo.** Moun fou yo pap konn sa. Kounya ke laplipa chanson nou yo chante nan legliz yo jodi a, Nou pral antre e nou pral genyen. Nou menm gason yo, sedwi koris fanm yo avèk lajan ak tout sa ke mwen te ban nou. Pote bann rad ki kole sou kò nou, ekspozè pwatrin nou, mete bout pantalon nan legliz la, kouche avèk yo. Men pou jenn fi kretyen fèm yo, parèt nan rèv avèk yo e revele nou avèk yo kòm fiti mari yo. Sa ki fou yo pral kouri kwè nan rèv yo, e pap janm priye menm ankò. E nou menm fanm yo, kite gason nan koral yo kouche avèk nou. Nou dwe sal legliz la.

6- Se pou nou kole nou sou vrè Kretyen yo

Ale nan etablisman siperyè yo, e sible Kretyen k'ap sèvi Nonm Jis la ak tout kè yo. Fè zanmi avèk yo, rann yo vizit, fè tout bagay pou nou toujou bò kote yo. **Fè travay la kay yo si li posib. Chache bann fason ak mwayen pou dòmi lakay yo e konsa, nou pral pran yo.** Plizyè nan nou se zanmi kretyen konvèti sa yo. Raproche nou sou yo avèk kosmetik sa yo. Fou yo panse ke yo ka reziste avèk nou pa priyè yo a. Veye pou nou mete rad transparan ki ekspozè tout fòm nou. Se youn nan flèch ke nou ka itilize pou sal panse jèn yo ki nan Nonm sa a (Kris). Depi nou pran yo, touye yo pou yo ka pa jwenn okazyon pou yo repanti yo.

Mwen voye nou nan inivèsite yo ak kòlèj yo. Chache an patikilye vrè Kretyen yo. Degize nou an elèv segondè e fè ke profesè sa yo ak estajè kretyen yo Konvwate nou. Depi yo gen yon rapò seksyèl avèk nou, plase tib nou an sou yo; yo pap janm fatige pou genyen davantaj rapò seksyèl jiskaske nou fini san yo nèt. Nou dwe kòmanse chite yo a depi nan kè yo. Tan nou an kout, pa gen tan pou pèdi.

Ale nan biwo yo a, e fè yo Konvwate nou. Ba yo bann po diven. Chache pou nou toujou chita bò kote yo si yo se gason. Fè yo toujou gade figi nou, tete nou, ak kwis nou. Nou pral rete nan memwa yo donk demon yo pral ede nou davantaj. **Pouse patron kretyen nou an pou fè nou vin pròp sekretè'l; li pap janm ka anpeche'l pou'l wè nou tout tan.** Depi yo Konvwate nou, menm moman an n'ap resevwa yon sinyal, pa pè pou ale pi pre yo; fòse fè zanmi avèk yo. Menm si yo pa vle, imaj nou yo ap toujou nan memwa yo, jiskaske yo tonbe nan peche. Se pou nou toujou seksi, e montre nou pa tro afeksyone jiskaske yo sedwi, epi touye yo. Pa ba yo pyès chans. Piga nou zanmi avèk fo kretyen yo, men itilize yo pou detwi vrè yo. Bondye pa koute priyè yo. Priyè yo a pa menm kite tanp priyè yo a. Se pou nou zanmi vrè kretyen yo pito. Fè tout bagay pou etenn dife a nan yo.

Menm kèk nan ajan'm yo ap konbat mwen kounye apre ke Nonm Jis sa a te fin delivre yo nan menm. Nou dwe chanje konba nou an vit kont pèp sa a. Ann izole yo pou destriksyon e **ann kòmanse parèt avèk yo nan rèv tou tankou se anj limyè nou ye, ak aprann yo pou pa pratike Bib la.** Nou dwe grandi tou **renmen lajan an** nan vi yo, fè youn fache ak lòt ak rann yo jalou ant yo. **Pouse yo pou vann levanjil la,** pouse yo nan ògèy, vye glwa ak konvwatiz, **ke yo toujou an kòlè. Ankouraje yo tou pou vann vizyon yo a sou CD, Bann liv ak DVD jiskaske lanmou lajan an okipe kè yo,** ba yo bann fo vizyon e detwi yo.

7- Misyon satan nan fanmi kretyen yo

Provoke tout tip ravaj nan fanmi kretyen yo; yo pap gen tan pou priye e yo pral sispann sèvi Nonm Jis sa a, donk yo pral gen bann problèm ki pap janm fini e sa yo pral pouse pou yo bliye Nonm Jis la. E depi yo bliye'L e ke Lespri'L kite yo, pa ba yo yon dezyèm chans. Touye yo san pèdi tan. **Transfòme nou an sourit, an mouch, an moustik, ou an ravèt, elatriye.** Pou siveye aktivite nan kay Kretyen yo. Provoke bann kerèl ak bann kont ant mari ak madanm; rann madanm nan nève nan je mari a e rann timoun yo rebèl ak paran yo. Pouse mari yo frape madanm yo, e ke yo menm pou yo pa respekte mari yo. Anpeche madanm yo fè manje pou mari yo pou yo ka al manje aliman satanik nou yo k'ap vann nan restoran yo e nou pral inisye yo. Sible fwaye kretyen yo. **Sa ki marye yo menm avèk bag nou yo.** Fè yo esteril e retire espwa yo nan Nonm Jis la. Detwi chak fwaye trankil ak ere. Mwen deteste lajwa ak bonè. Detwi nouvo maryaj yo, ak ogmante divòs yo. Moun fou yo pral konsantre yo sou lougawou ki nan fanmi yo ak nan vilaj yo e akize vwazen an. Premye sib nou yo se vrè kretyen yo, sa ki resevwa vizyon Bondye yo menm.

8- Atak kont jèn konvèti yo

Ale kote nouvo konvèti yo donk mwen te dekouvri ke laplipa nan yo se jèn. Lòt nan lekòl kote kèk nan nou te deja ansenye. **Kèk ap fè kou nou yo; Veye pou yo pa janm tèmine etid yo, sof si yo aksepte kòronpi nou ou pou genyen yon relasyon entim avèk nou.** Lòske tantasyon an vini, yo pral aksepte pou jwe jwèt nou an, jis pou jwenn diplòm yo a. Apre sa, touye yo a travè miwa envokasyon yo. Mwen te ban nou yon ekran pou idantifye kretyen yo. Fè tout bagay pou etenn lavi espiyèl yo. Depi nou apwoche nou sou yo, rann yo tyèd, alò yo pral trò fatige pou li liv sa a (Bib la) e tou trò parese pou jene ak priye. Bonbade yo ak kado; etenn lavi espiyèl yo jiskaske yo totalman kondane.

Anpil nan yo te fini etid yo e toujou ap chache yon travay. Ale mete nou avèk yo nan chache travay. Redwi laj nou a 20 e 23 an pou pi plis e ankouraje yo pou fè sa tou, donk 90% nan yo deja genyen 27 an ou plis. Raple nou ke 90% antrepriz mond lan se pou nou. N'ap fikse limit pi gwo laj pou postile a a 25 an, e nou pral wè si yo menm tou pap redwi nan laj yo. Si yo fè'l, touye yo, paske y'ap viv nan mansonj. Pa ba yo okazyon pou yo repanti yo. Kèk nan jèn konvèti sa yo ap travay deja. Chache travay nan antrepriz yo a e fè yo mete nou travay nan menm depatman avèk yo. Toujou ap etidye yo, epi rapwoche nou sou yo e detwi lavi espiyèl yo. Si yo fè tèt yo tro di pou nou, pouse moun ki antoure yo a pou rayi yo, jiska patron yo. Si li posib, fè vire yo. Frappe yo pa maladi. **Pouse yo pou mete yo an kòlè.** Si yo tonbe an kòlè e yo pa repanti yo rapidman, touye yo.

Nou konnen ke plizyè poko marye ankò, ale kote yo prezante nou tankou timoun limyè, priye ak chante ansanm. A koz yo menm antre nan koral yo, group priye yo, group entèsesyon yo, group delivrans yo, group akèy yo, pou nou apwoche nou sou yo. **Epi kòmanse parèt avèk yo nan rèv, mwen pral voye yon vwa di yo ke nou se fiti mari yo ou fiti madanm yo. Fè tout bagay pou konvenk yo ke nou se patnè yo a.** Depi yo tonbe dakò, retounen vin rann mwen kont, lè sa mwen pral voye flèch pou yo anvi fè sèks. Apre sa, toujou rann yo vizit, e y'ap fini pa kouche avèk nou. E depi sa rive, plase tib nou an sou yo e envoke

yon sèpan nan sèks yo. Y'ap toujou gen dezi pou genyen relasyon seksyèl avèk nou, apre sa, touye yo. Men sa ki resevwa vrè apèl yo pral evite premye pyèj yo. Si yo sove nan premye pyèj yo, **flèch anvi fè sèks yo pral presipite yo pou yo marye san ke yo pa priye davantaj paske yo pa pral ka kenbe.** Depi ke nou marye avèk yo, detwi yo ak ministè yo a. Anvan ke yo rann yo kont ke nou se demon, l'ap tro ta; donk n'ap deja anba kachèt yo; nou pral genyen. Kèk nan jèn sa yo deja marye; nou dwe fè tout bagay pou detwi yo.

9- Atake Kreyen yo pa imoralite

Si nou ale legliz, san kite tete nou ak kwis nou ekspoze, mwen pral touye nou. Nou sonje ke mwen te touye Aguana pou sa. Tou swit moun fou yo pral kopye abiman nou yo ak estil nou yo, e Bondye yo a pral rejte yo. **Si nou mache nan lari, san pyès mouvman sediksyon, mwen pral touye nou. Si mwen wè nou ap mache nan lari a avèk kò nou kouvri jis rive nan jenou, konsidere nou mouri.** Nou sonje ke mwen te touye Jikaya pou sa. **Si mwen wè nou soti nan kay la avèk tete nou ak pwatrin nou konplètman kouvri, konsidere nou mouri.** Mwen te touye Kakadika pou sa. Mete fim ak imaj pònografik gratis sou entènèt, menm sou paj kreyen yo. Mete anons pònografik sou chak paj ke kreyen yo ap vizite.

Raple nou kòman nou te kaptire Etazini ak lòt peyi eropeyen yo ak oksidantal yo, ki se peyi ki pi sofistike, òganize ak sivilize nan mond lan. Prèske tout non yo te antre nan liv lanmò nou an. **Gran-Bretay, Etazini, Lafrans, Brezil, Almagh ak lòt yo, pou nou kounye a. Nou te legalize avòtman, prostitisyon ak divès fòm imoralite. Sodomi ak maryaj omoseksyèl te sot ajoute nan eksplwa nou yo.**

Mwen te ban nou anpil pouvwa ak kosmetik pou ke menm fi Konvwate nou. Mwen te byen antrene nou. Poud sa yo ke mwen te ban nou yo yo trè pisan. Itilize yo, e gason ki pral refize pran Bondye pou abri yo e demere anba lonbraj Li pral Konvwate nou. Poud sa yo se sann moun ki te echwe nan misyon yo ke mwen te konfye yo a. Si nou echwe, Nou pral redwi an sann tou. Mwen voye kèk nan nou travay nan medya yo, televizyon yo ak estasyon radyo yo. Program imoral yo e malsen yo yo pral wè tout tan. Vin bann mizisyen. Fouye anpil salte nan mizik nou yo, kòm sen Janet nan Lagos nan Nijerya te fè nan tout albòm li yo. Chante chanson kreyen yo e danse tankou Shakira. "Kase" tankou Michael Jackson nan legliz yo. Fou yo ki pa veye yo pral tonbe nan pyèj nou yo.

10- Misyon satan a travè manje

Ale nan mache yo. Envoke demon yo sou manje ki nan mache yo ak nan makèt yo. Tout moun k'ap manje san priye pral inisye. Polyè menm dlo y'ap vann nan ti chache yo nan lari a. Raple nou kòman nou te envoke lespri kòlè nan lavi yon jèn konvèti a travè sadin nou yo. **Nou dwe transfòme moun yo an vanpi.** Nou dwe rann yo koupab pou vèsè san ak abominasyon. Donk, mwen voye kèk nan nou pou kreye bann restoran ak kantin nan restorasyon rapid. **Mwen pral founi nou chè moun pou preparasyon snacks nou yo, pate ak vyann, pizza ak lòt aliman.**

Nonm Avòton founi chak jou yo nan mond anba dlo a te byen ogmante. **Kèk nan bebe sa yo te transfòme an kodenn ak poul konjele.** Chak moun sou

latè dwe polye. Yo pral mande yo san timoun sa yo ki te pou fèt la. Manje pral detounen kè yo kont tout sa ki sen. Yo pral kwense nan bann peche, menm sa yo te kwè ke yo pa t'ap janm komèt, e tout atmosfè a pral polye. Mwen voye tou **kèk nan nou pou fabrike bann ji ak lòt bwason, menm dlo tab ladann tou.** Mwen pral voye pou nou diferan gou satanik pou prodiksyon ji nou yo. Kòmanse fabrike ji anana, ponm, zoranj, bannann, frèz, yawout, avèk glas nan diferan sant, elatriye.

11- Satan tire avantaj nan refwadisman Kretyen yo

Anpil ki gen zèl pou Bondye ak pou pawòl Li a, te seryezman diminye vi lapriyè yo ladann tou e se yon gran avantaj pou nou. Anpil nan yo pa patisipe nan program jèn ak lapriyè yo. Sa te rann yo enkapab pou reziste avèk nou. Yo pa temwanyen menm ankò ak moun k'ap peri yo. Sali nanm yo te redwi a 4 %, men nou dwe redwi'l a 0%. Frè demon'm yo, nou dwe miltipliye atak nou yo plis ke jamè jiskaske Kris totalman elimine sou tè a. Nou dwe fè grandi aktivite moun yo e mennen yo pou travay di anvan pou yo jwenn sa yo bezwen an. Plis y'ap travay di pou viv, mwens y'ap panse a Kris, a Syèl la ou a letènite. Nou dwe rann sitiyasyon an difisil pou moun yo e pa konsekan, y'ap renye fwa yo e pral chache èd nou. Aflije yo pou ke yo panse a bezwen yo. Nou dwe mennen yo pou renmen plezi pito ke yo renmen Bondye. Moun te toujou prefere plezi chanèl ke bagay espiyèl, Nan konsakre plis tan sou li menm ke sou bagay Bondye yo.

Anpil jwenn li pi nesesè pou proteje panse yo kont pawòl malefik nou yo. Yo swanyen chak panse, chak imaj ak chak dezi, sa ki se yon gran avantaj pou nou. Frè demon'm yo, Lanfè a ouvè li e l'ap chofe pi plis toujou chak jou. Se moman pou nou vanje nou kont Bondye poutèt li te mete nou deyò nan Syèl la, nan voye plizyè moun nan lanfè. Plis nou kenbe moun yo nan peche, plis dezyèm vini Kris la ap pran tan. Mwen vle ke senntete a vin yon bagay pase. Mwen vle ke timoun yo depi a 7 an pou y'ap mastibe, fònike e avòte. Mwen vle ke kwayan yo pase bann lè devan televizyon yo, nan gade program nou yo ak nan koute mizik nou yo. Mwen vle jis ke se yon ti pase men pou yo fè sou Bib yo nan pase bann lè sou Facebook, What Sapp ak Twitter. Se poutèt sa ke mwen te rann entènèt fasilman pou yo itilize, chèn televizyon kable gratis pandan y'ap vin pi abòdab ke dekodè nimerik. Yo pral pataje desten nou an nan lak dife a. Mwen gen konviksyon ke nou ka genyen gè a a ankò. Ame nou, frè demon'm yo, nou pati nan gè, ann pa montre okenn pitye. Mwen konn sa'm panse pou moun; Mal e non byen. Kòm nou pa pral nan paradi, pyès moun pap rive ladann.

12- Satan polye mond lan avèk atik li yo

Rèn kot la soti nan lanmè a avèk anpil bèl dam e ak jèn gason nan tribi diferan. Li soti tou avèk anpil liv e 5000 navi chaje ak tout sot objè. Kanpe devan navi yo, li t'ap bay bann konsiy sou objè sa yo pandan li t'ap di: Frè demon'm yo, mwen vle ke nou wè seryezman a ki sa ke nou konfronte. Se pa dezi Bondye pou kite yon moun peri; Li pral fè tout bagay pou sove yo. Men se devwa nou pou veye pou ke yo peri. E prensipal sib nou se Kretyen yo paske yo gen chans ankò pou sove nan pyèj nou yo e se yo menm k'ap montre lòt yo chemen Sali a.

Navi sa yo genyen diferan atik ak dènye teknoloji yo; savon; losyon; soulye; bagay pou tache cheve; bijou, krèm; dènye odinatè yo ak telefòn avèk anpil

aplikasyon; manje; medikaman; zanno; vantilatè; zanno nen; ti bouk zòrèy; alonj ak grèf; braslè; pafen; fa; poud; kwa; kolye ak anpil objè sediksyon; **bouji koulè diferan**; lansan; **san moun pou diven rouj**; miwa pou gen aksè ak laglwa moun; prezèvatif pou atire glwa moun a travè espèm yo; sèvyèt ijenik; albòm mizik; tinounous; lwil doliv; fo zong; fo sousi; rad pou moun ki fenk konvèti yo, jip ak ròb; twal an dantèl; rad an po leyopa; soulye; chapo ak valiz; twal len kolore e transparan; tout sot katalòg; sentiwon; mayo ak imaj demon ki degize tankou bel dam; **bag alyans pou moun k'ap marye yo**; pen ak diven pou sent sèn ak lwil onksyon pou inisyasyon; diferan aliman anbale; 3 milyon jwèt diferan pou timoun; chak jwèt posede avèk plizyè demon pou inisye timoun yo; bwason ki fèt ak fwi; nouvo machin ki frape je moun; bann fo imaj Mari ak Kris; ak bann lòt.

Anpil nan objè sa yo pote non nou e nou te ekri sekrètman bann chif nan yo tankou 666, 999, 333. Bann mo tankou Satin, Liks, mwen renmen satan, nanm sa a se pou lisifè, dyab, dragon dechennen, mwen marye ak lisifè, enskri'w nan lanfè ak anpil lòt mo alyans te enskri an sekrè sou objè sa yo pou al jwenn moun. Bann logo tankou eklè, ang 5 etwal, tèt mò, sèpan, dragon yo yo menm te enskri tou sou vètman sa yo. Sa yo dwe distribye nan mond lan antye. Mwen divize nou an diferan gwoup pou polye mond lan avèk atik sa yo. Nou dwe opere nan diferan Depatman. Non tout moun ki itilize objè nou yo pral anrejistre nan liv nou yo. Nou dwe fè yo siyen pa inyorans yon alyans avèk nou. Sèl vrè Kreyen k'ap priye vrèman k'ap chape anba degre maji nou yo, men mwen kwè pou pi plis 0,5%. **Nenpòt moun ki itilize youn nan objè sa yo ap posede e ap kondane pou lanfè pou toujou,** donk li pral difisil pou sen. Ekri non yo nan liv sa a kòm prèv ke yo pou nou. Depi ke non yo enskri nan liv sa a, yo pral bann kandida pou lanfè.

Nou dwe ogmante dezi moun yo pou sèks, menm pami jenn konvèti yo nan legliz la, pou yo ka livre yo nan fònikasyon, adiltè ak mastibasyon. Kè yo dwe kaptif bann panse enpidik. Kounye a nou bezwen bann fanm. Kan yo pral gade fòm dèyè yo ou pwatrin fanm yo, panse yo pral vire sou sèks. Donk, n'ap voye plis krèm, savon, koulè, pèmanant, chanpou ak pafen nan mond lan, fabrike a pati moun ki te nwaye nan lanmè yo gen kèk tan. Chè yo te kraze an likid e zo yo te transfòmè an poud. Kèk pafen te melanje e te seche avèk zo kraze sa yo, e te anbale nan bann resipyan kòm poud fasyal e te voye nan mond lan pou fanm ensanse sa yo. Yo tèlman pretann yo se kreyen, yo pral mande yo san moun ki te mouri nan lanmè yo, apre tou, yo te bay nanm yo pou bote nou an.

Mwen voye bann krèm pou nou tou ki melanje ak pipi'm e ak twalèt mwen pou ogmante tete yo ak dèyè yo. Krèm sa yo se pou fanm yo ki vle pi sedwizan yo: Krèm rafèmisan tete, krèm pou yon bèl pwatrin, krèm re-zo, brestro gen, BT 36, Purelan 37g, Mayfair rose, krèm pou fè grosi tete, plaisir soyeux, Venox bestex, krèm Swole, agradisman dèyè, U-like (tu m'aime) ak anpil lòt. **Tout krèm sa yo pral ogmante dèyè yo ak tete yo, pral rann yo lis e briyan, e fòm yo pral sanble ak fòm mwen, donk se deche'm yo.** Sa pral mennen plis gason Konvwate yo. Non tout fanm k'ap itilize krèm sa yo dwe ekri nan liv sa a.

13- Satan voye ajan'l yo tankou gran nan mond sa a

Mwen voye nou nan mond lan tankou gason ak fanm ke yo plis anvi. Vin bann selebrite e bann gran ero nan sosyete a pou nou ka enfliyanse

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifiye'l ou pou chanje'l.

moun yo fasilman. Ale nan mond lan e vini bann vedèt sinema, prezidan ou gouvènè, chèf relijye e dirije egalman tout antrepriz fabrikasyon mond lan. Nou dwe veye ke chak bagay ki prodwi pote non nou. Pa gen tan pou pèdi. Tout moun k'ap itilize youn nan prodwi nou yo pral mouri espiyèlman e lanmou pou Nonm Jis sa a pral disparèt nan kè'l. **Mwen vle ke nou vin bann mannken, ke imaj nou yo parèt sou tout paj magazin e nenpòt moun ki admire nou ou imite nou pral kondane.** Nou dwe fè yo siyen yon alyans avèk nou; pyès imen pa dwe chape anba pyèj nou fwa sa a.

14- Misyon satan a travè materyalism

Yo dwe abiye yo tankou nou, koupe cheve yo ak bab yo tankou nou. Nan je Kreyatè yo a, fòk yo sanble avèk nou. Kounye a navi sa yo genyen egalman tout sòt katalòg pou distribye nan tout sant komèsyal yo. **Nenpòt moun ki imite youn nan estil sa yo, estil rad, estil koupe cheve ak bab, ou tout lòt mòd, non yo dwe enskri nan liv nou yo.** Yo kwè yo wè bann bèl mannken, moun fou yo pa konnen ke bann bèl mannken sa yo se bann demon yo ye. Sofoni 1:8 "Jou sakrifis Letènèl la, Mwen pral chatye prens yo ak pitit wa yo, ak tout moun ki pote rad etranje." Yo vle sanble avèk nou e yo pral pataje desten nou an. Nou pral itilize Sofoni 1:8 kont yo kan yo mouri.

Kèk kretyen konsyan kounye a de jan rad pou mete. **Yo konnen ke fanm pa dwe mete pantalon.** Men moun fou yo konsantre yo sèlman sou pantalon yo, e neglije lòt rad satanik yo. Konsa, youn nan navi yo chaje ak rad pou fanm, sedwizan e satanik: menm twal ak pay pou fanm nan sa a tou. Raple nou ke bann milyon fanm te inisye a travè rad yo. Kòm mwen te di'l, tout sa ki prè pou fanm mete dwe endesan a pati kounye. **Ke li se ti fi ki fenk fèt ou non, yo pral mete sou yo bann rad kole sou kò yo e pral sedwi gason yo e pral vin bann wòch pyèj pou yo.** Moun pa janm dwe ka chape anba pyèj nou yo, tout dwe pataje desten nou an, sèl saj yo ki pral priye e pral brize degre maji nou yo.

Mwen voye tou twa milyon nan ajan anba dlo'm yo sou mache a pou posede tout rad ki pat fabrike pa nou ou pa ajan'm gen sou tè a. Mwen te remake tou ke yon pati nan peyi afriken yo enpòte bann rad okazyon, donk pòv yo pi plis ke rich yo, sèl rich yo ki achte rad nèf e chè. Mwen pa entèrese'm sèlman avèk rich yo, menm pòv la e moun fou nan lari a pa dwe janm ale nan Syèl. Epòk Laza a ak nonm rich la nan Bib la depase. Youn nan navi yo chaje ak rad okazyon. Se bann rad ki prè pou mete avèk 85 milyon demon e nenpòt moun ki itilize yo pral sal e dezi'l pou sèvi Nonm Jis la pral disparèt. Mwen voye 300 milyon kilòt ak jipon ak lòt bagay ankò pou fanm mete anba rad tou posede. Tout fanm k'ap itilize yo pral posede. Non yo pral ekri tou nan liv nou an kòm siy alyans e nou pral ka manipile yo dirèkteman depi nan mond anba dlo a e fè yo travay pou nou.

15- Misyon satan a travè mizik

Nou menm, ajan imen yo, mwen voye nou an 3 gwoup se pou nou gran mizisyen nan mond lan:

Premye gwoup la pral chante mizik mouden. Chak fwa ke nou pral chante vwa nou pral bèl nan zòrèy moun yo k'ap koute nou. Mwen voye nan mond lan an nantye e mizik nou yo pral anvayi latè, yo pral tandè vwa nou tout kote. **Tout**

moun ki pral chante chanson nou yo pral kondane, non yo pral ekri nan liv nou yo. Dedye tout albòm nou yo a lisifè, prens fènwa yo. Menm jan ke chanson Moyiz yo se yon temwayaj kont pèp Izrayèl la, chanson sa yo pral temwanyen tou kont nenpòt moun k'ap chante avèk nou. Nanm yo pral pou mwen pou toujou. Mwen te kaptire 6,5 milya nanm gras a mizik e mwen pral genyen plis toujou. Mwen te genyen mwaye jèn nijeryen yo a travè **Doro e rèn afrikèn. Ensanse yo panse ke se pou mennaj li l'ap chante. Mwen se rèn afrikèn sa a,** e mwen chita'm an rèn. Mwen te kaptire mwaye mond lan a travè **rèn afrikèn, Makossa, Céline Dion e thriller Michael Jackson nan.** Mwen gen non yo nan liv mwen an e mwen pral itilize yo kòm prèv ke yo se yon alyans avèk mwen. Mwen te itilize **Rihanna** pou desinen mond lan anba proteksyon'm. Mwen pral genyen plis. Asire nou pou redouble efò nan misyon mizikal la e mwen pral rekonpanse nou avèk bann pri Grammy e bann pri Mtv. Justin Timberlake, Fifth Harmony, Drake, Kanye West, Beyoncé, Katty Perry, D-Banj, Don Jazy, Sia, Meghan Trainor, Davido, Madonna, Dr. Dre, redouble efò, e genyen plis nanm pou mwen, e map rekonpanse nou avèk bann Grammy.

Dezyèm gwoup yo pral vin mizisyen gòspèl. Chanson nou yo pral satanik e malefik men pral sanble a bann chanson gòspèl, e vwa nou pral konnen ak tandenan tout mond lan. **Ensanse avèg yo pap ka disène ke se pa chanson gòspèl yo ye, menm jan yo te tronpe avèk albòm mwen an (Ou leve mwen) (Tu m'eleves). Chan nou yo pral chante nan kay kretyen ak nan legliz yo.** Mwen pral antre tout kote chan sa yo ap jwe e lye sa pral pou mwen, donk li ekri, mwen pral pran posesyon tout lye ke pye'm pral pile. Mwen pral voye bann milye mizisyen kretyen nan bann peyi afriken, sitou Afrik Disid, Zimbabwe, Zànbi, Kongo, Gana, Nijerya, elatriye. Mwen entèdi nou pou chante a propo Sali ou repantans. Sèlman louwanj a lisifè. Fouye diferan rit satanik nan albòm nou yo. Sila nan nou yo ke'm voye Nijerya yo, ranplase non Nonm Jis sa a pa Igwe; pa Baba, pa dansaki, pa Aide. Itilize nenpòt kèl non pou tronpe. Non nenpòt moun ki pral chante chanson nou yo pral ekri nan liv nou yo.

Twazyèm gwoup yo pral vin bann prodiktè mizik. Mwen te deja voye anpil demon nan mond lan pou vin prodiktè mizik. Ale ankouraje mizik satanik e nou asire yo ke ap jwenn bann pri Grammy.

16- Misyon satan kont timoun yo

Mwen vle plis timoun nan wayòm mwen an. Lisifè te jire pou pa kite yo ale nan Syèl. Kòm yo te mete nou deyò nan Syèl la, n'ap okipe nou de yo. Mwen voye kèk nan nou antan ke saj fam ak enfimyè pran anpil plasenta pou mwen ak san pandan akouchman an. Plase mak nou sou chak bebe avèk men nou. Mwen te fabrike bann rad, katab, twal ak soulye pou timoun, e mwen te egalman bay a kèk nan nou lisans pou fabrike kouchèt ak aliman pou bebe, bonbon, pen ak chokola. Mwen te resevwa tou 30 000 diferan ti komik ak jwèt videyo nan men prens wayòm lanfè yo, Rose, Eva e Magaroo. Li te pote lis ti komik yo ki pou pibliye ane sa a. Nou te prodwi avèk siksè 30 000 avèk diferan tip degre maji, moun majik ak satanik anime pou posede timoun yo tankou jan nou te fè'l avèk Ben10, demon inivèsite a, SpongeBob, Shrek, Rango, petite sirene, la Belle e la Bete, le roi lion ak lòt yo.

Okenn mwayen evanjelizasyon pa dwe prezante nan lavni. Chak timoun dwe polye depi piti pou okenn nan yo pa grandi nan lanmou Bondye ou Kris Li a. Mete

lespri dezobeyisans nan yo, ak ògèy, imoralite, kòlè, lapèrèz, mansonj, parès, asasina ak vòl. Yo dwe grandi chaje ak lespri nou. Aktyèlman, bann milye ti komik te chaje ankò nan navi sa yo. Zootropolis, Le dragon de Pete, la sirène, le panda Konfu, Batman vs Superman: l'Age de glace, le petit prince, la possession d'Eva, la Belle et la Bête, la petite sirène, le livre de la jungle, le bon dinosaure, la vie des animaux de compagnie, l'hôtel Transylvanie, norme du nord, l'étrange magie ak anpil lòt pi plis. Chèn ti komik yo, Disney, Nickelodeon ak lòt chèn pou timoun dwe montre yo.

Ale kreye plis lekòl ak kolèj. 90% nan lekòl nan mond lan pou nou deja. Pa nou yo pral meyè nan sosyete a. Mwen pral ban nou nesesè pou ke lekòl pa nou yo genyen meyè enstalasyon yo. Fè degre maji sou dlo ke timoun yo ap bwè nan lekòl yo. Manje y'ap bay timoun yo ak inifòm k'ap vann lekòl la dwe posede. Pyès timoun pa dwe chape nan pyèj nou yo. Chak elèv nan entèn a se pou nou. Tout timoun nan mond lan, menm bebe yo tou, dwe posede. Le yo rive nan inivèsite, yo pral bann ekspè nan aksyon nou yo. Sèl moun ki kouvri pitit yo avèk san Timouton an k'ap chape nan pyèj nou yo. Moun fou sa yo ki pa priye anvan pou mennen pitit yo lekòl pral wè pitit yo inisye. **E nou menm, timoun lougawou yo, inisye zanmi nou yo, e konvoke yo nan reyinyon lan nwit nou yo.** Montre a tout sa k'ap manke nou respè yo ke nou pa egal avèk yo. Prete kreyon nou yo, kaye nou yo, ak liv nou yo; pataje aliman nou yo avèk yo e inisye yo. Fè tout bagay pou toujou touche tèt kanmarad nou yo pou nou ka pran glwa yo.

Mwen voye tou kèk nan nou travay nan gadri yo, vin gadò bebe ak bòn nan kay. Inisye chak timoun yo kite nan men nou nan dyab. Ba yo manje chè ak san moun kri jiskaske yo konplètman posede. Mwen voye kèk nan nou nan legliz yo nan tout mond lan pou vini bann monitè timoun. Inisye yo avèk pen ak bonbon pataje nan legliz. Moun fou yo ki fè tèt yo rele pastè yo yo avèk e trò okipe pou priye. Lòske timoun yo ke nou inisye yo vin pi fò, se yo menm ki pral detwi travay pastè sa yo.

17- Misyon satan a travè medsin nan

Mwen voye plizyè nan nou pou vin enfimyè ak medsen pou travay nan tout lopital nan mond lan. **Kòmanse voye bebe yo pou nou depi yo fèt. Inisye moun malad yo a travè medikaman yo ak sewòm ak piki yo.** Ankouraje plis avòtman; voye plis nanm isi a pou fòmasyon. Mwen voye bann navi chaje ak sereng, koton, materyèl pou operasyon posede ak bann dènnye teknoloji medikal. **Li sifi sèlman ke objè sa yo antre an kontak avèk san yo, yo pral imedyatman posede e pral pèdi Sali yo.** Pa gen pitye pou pèsonn. Mwen te dispoze 30 milyon moustik an pwazone sou tè a pou pike ak enjekte tout sòt maladi nan kò moun yo. Genyen tou bann milya demon nan lè a avèk tout sòt maladi. Kèk demon te voye nan bann antrepriz ak bann biwo pou travay kòm ajan netwayaj, lave twalèt moun yo e fè degre maji sou sistèm dlo a, chak fwa ke y'ap itilize twalèt yo san priye, yo pral atrape tout sòt maladi.

Nou pral vide anpil maladi nan mond lan e moun yo pral bezwen medikaman nou yo pou swanye yo. **Mwen te voye tou 20 milyon diferan medikaman avèk bann objektif malefik, fabrike a pati bann milye lejyon demon. Nou konnen, demon yo pa konn malad ou yo pa janm fatige. Lòske malad yo pral itilize medikaman sa yo, yo pral trè aktif. Yo pral geri yo**

imedyatman men detwi nanm yo donk yo pral sanble avèk nou nan prezans Bondye, tankou jan nou te fè'l la nan epòk Noye a. Mwen te voye tou 40 baril saliv mwen pou fabrikasyon prodwi chimik ki pral sèvi pou prodwi plis medikaman, ak plizyè baril asid askobik te depoze nan mond lan pou fabrikasyon medikaman ak aliman. Nou wè ke moun pa konte menm ankò sou pouvwa lapriyè, men pito sou pouvwa medikaman pou gerizon. **Avèk sereng satanik sa yo, kontamine san yo pandan y'ap fè analiz san yo** e rekòmande yo kèk nan medikaman sa yo pou yon bon vi. **Asire nou pou detounen nanm yo e voye yo nan mond anba dlo a a travè operasyon yo. Yo pral vin esklav mwen isi a.**

Demon mwen voye lopital yo dwe kontamine bank san yo pa bann maladi ak move lespri. Demon sa yo dwe souse yon pati nan san an e vide saliv yo ak lespri mechan yo a nan chak bank san. Li pral fòk se pouvwa Nonm Jis sa a pou libere nenpòt moun nan ki itilize youn nan medikaman nou yo. Mwen voye tou anpil medikaman gwosès pou fanm yo, chak fwa ke y'ap itilize yo, lespri yo pral fèb. Ensans yo pral panse ke se gwosès la ki fè yo fèb e yo pap konte sou pouvwa lapriyè. Kan yo pral itilize yo, yo pral fèb espiyèlman e fizikman, yo pa pral asiste kil la, e yo pral gen mal pou li Bib yo ou pou priye, jiskaske yo mouri espiyèlman. Chak fwa ke nou rankontre fanm ansent san yon vi priyè, **detounen bebe nan vant yo a e ranplase'l pa yon demon.** Chak fanmi sou tè a dwe genyen o mwens de nan ajan'm yo, sa ki pral ede nou pou konnen tout sa k'ap pase nan chak kay.

18- Misyon satan a travè medya sosyal yo

Nou dwe genyen yo a travè medya yo. Nou dwe ankouraje pònografi nan lechèl mondyal la. Donk ale fouye tout fòm pònografi nan panno piblisite yo, magazin yo ak jounal piblik yo. Fè tout sòt degre maji sou moun k'ap gade e admire imaj nou yo. Fè tout sòt degre maji: Imoralite, abiman endesan, vyolans e menm lanmò. Abiye nou nan fason pou yo admire nou e ke moun yo wè estil rad nou sou panno piblisite yo. Nenpòt moun nan ki kopye estil nou pral kondane, ekri senpleman non'l nan liv sa a. Nou pral fè pònografi yon okipasyon, yon Karyè. Nou pral rann pònografi libman aksesib pou tout moun; sa pral vin yon mòd de vi pou anpil, yon pòt plezi sekre.

Donk, ale nan mond lan tankou bèl jèn fi pou nou ka genyen kouwòn bote ak enfliyan moun yo. Nou dwe travay tou sou jounal yo. Toutouni an komèsyalizab e reprezante 80% enterè popilasyon an. Nou pral kòmanse pa sa ki modere a, epi yon atis sou jounal kotidyen an, ki pa gen anyen sou pwatrin li, sa ki se yon lòt fason pou ankouraje abiman endesan. Kounye dezi seksyèl yo pral ogmante donk aprè rechèch mwen yo gason yo li jounal plis ke fanm yo. Fouye plis imaj imoral jiskaske gason pa satisfè a yon sèl madanm. Travay davantaj sou magazin yo tankou magazin You, magazin People, magazin AARP, Good Housekeeping magazin, elatriye. Adiltè ak fònikasyon pral vin yon mòd de vi akseptab, menm nan legliz. Moun ki fidèl nan peche yo salte yo pral monte rive nan narin Bondye e atmosfè a pral totalman polye pa sa Bondye deteste, donk moun pral panse sèlman a sèks.

Mwen voye kèk nan nou nan mond lan pou vin bann difizè. **Nou dwe vin bann jounalis e chak fwa ke nou dwe parèt nan televizyon, asire nou pou pwatrin nou ekspoze.** Ke moun fou yo ki fè tèt yo rele pastè yo e ki vle koute

Nou lib pou fè foto kopi liv sa a e pou distribye'l. Men li entèdi pou modifye'l ou pou chanje'l.

journal 20h a, wè pwatrin nou. Yo pral Konvwate nou pandan y'ap gade nou. Moun fou pa konnen ke je se pòt antre nan lespri. Fè nou parèt pi sedwizan. Raple nou ke nonm pastè yo ke nou detwi yo ogmante rekonpans nou nan dezyèm syèl la. Ale nan chak chèn televizyon ankouraje mizik imoral. Sankai te soti tout sòt mizik pandan li prezante endirèkteman pònografi a. Program yo dwe ranpli imoralite, **menm fim kretyen yo dwe yon mokri pou senntete.**

Ale ouvri bann chèn televizyon ak radyo. Pa janm pèmèt predikatè senntete yo preche sou radyo nou yo ou televizyon nou yo, sinon m'ap fèmen chèn nou an. Sèl pitit mwen yo ke yo dwe wè nan televizyon. Nou dwe fè disparèt krisyanis nan mond lan an nantye. Ale nan mond lan vin manadjè chak chèn televizyon. Ke sèl program sal yo ki dwe difize. Ke predikatè pèse espiyèl yo, prosperite yo, mirak yo ak bann divètisman yo gen priorite. Mwen pral ranfòse blag yo, **mizik ak konpetisyon dans.** Mond lan dwe polye e men Nonm Jis la dwe senyen ankò.

Mwen te rann televizyon yo pi abòdab e mwen pral rann yo ankò mwen chè. DSTV ak lòt chèn televizyon pral kounye a nan chak kay jiskaske moun bliye Bib la. Anpil lòt telefim te prodwi, chaje ak imoralite tankou Spartacus, Empire, perdu à Rome. Imoralite a dwe touche dwèt nan chak fim. Piblisite yo dwe chaje ak imoralite e **nenpòt moun ki vle fè piblisite pou yon kreyon òdinè nan Tele, Pral dwe dabò afiche pwatrin ak fès yon fanm.** Lisifè te ekri yon bann senaryo fim, sitou senaryo fim kretyen yo. Ale mete yo sou sèn. Nou dwe okipe moun anpil avèk tetefim yo. Yo pa janm dwe gen tan pou Bondye. Ame nou, frè demon'm yo, pati nan gè e pa montre okenn pitye.

Pran posesyon chak kay kote fim nou yo ye. Mwen te soti anpil fim pou posede kè moun yo. Ekri non tout moun ki renmen gade fim nou yo nan liv sa a e domine kay yo. Mwen voye bann fim tankou Lucy, les dieux de l'Egypte, la Malédiction de la Belle au Bois Dormant, Warcraft (Artisanat de guerre), Batman vs Superman: l'Aube de la justice, SOS Fantômes, Zootopia, la Sorcière, le Chasseur, le Démon de Néon, les Ténèbres, la 5ème vague, le Garçon, le Docteur étrange, Moana, X-Men, Apocalypse, la Légende de Tarzan, le Livre de la jungle, le BFG, la Chute de Londres, Orgueil et Préjugés et Zombies, Resident Evil (les créatures maléfiques), ak anpil lòt ankò. Moun pa dwe janm gen tan pou Bondye'l la. Nou dwe atire kòlè Nonm Jis sa a sou yo, e Li pral detwi yo tankou jan Li te fè nan dezè a. Piske Li vle voye nou nan lak dife a, nou pral ansanm ladann.

19- Misyon satan a travè Entènèt

Ranpli Entènèt ak Facebook. Sible sitou moun k'ap preche sou Facebook yo e voye ba yo anpil demand amitye pou ranpli espas zanmi yo a pou ke moun ki ta petèt ka sove nan vin zanmi yo pa ka vin zanmi yo. Nan pa gen disènneman, **yo pral panse ke y'ap preche moun, yo pap konnen ke se demon y'ap preche.** Voye mesaj provokasyon pou yo. Petèt y'a mete yo an kòlè e yon fwa an kòlè, mesaj yo a pral trè fasil pou kontrarye. Voye ba yo bann mesaj ki parèt inosan men destriktè, bann mesaj pawòl malefik pou ke kretyen fèb yo pa kwè nan verite a. Preche tou a propo Nonm Jis sa a, men yon fason detounen pou egare kèk. **Itilize yon tit tankou pastè ou evanjelis pou non profil nou pou ka tronpe yo.** Sible tout moun k'ap preche vrè levanjil la, denigre kourye li a e fè ke lòt yo swiv nou.

Gen plizyè jèn pami evanjelis yo. Mwen deteste yo e mwen vle touye yo tou swit, men yo antoure pa pisans Nonm Jis sa a. Yo si bouyan pou Li. Kèk nan yo menm sou Facebook e nou dwe aji rapidman. Ale sou Facebook, twitter, Myspace, ak anpil medya sosyal yo a travè mond lan avèk bann imaj pònografik. Pretann ke nou se moun konvèti e fè yo yon demann zanmi. Foto profil nou an dwe sedwizan. Kan yo pral wè'l, yo pral Konvwate nou, e m'ap voye plizyè demon imoralite travay avèk nou pou fè yo tonbe. Mwen te dekouvri ke laverite a kounye a ap preche sou Facebook; nou menm tou dwe kreye kont pa nou. Itilize imaj Nonm Jis sa a kòm foto profil, yon fason pou nou mele ak yo, epi kontinye mete a jou estati nou avèk kèk pawòl edifyan; preche laverite sou Syèl la. Yo pral gen dezi pou zanmi nou.

Yon fwa ke nou gen anpil disip, kòmanse fouye ti mansonj nan miza jou nou yo, e yo pral kwè nou tou, donk yo pa gen disènneman. A pati de la, nou pral genyen tout. Mwen voye kèk nan nou tou antan ke ekspè. Afiche imaj moun toutouni sou chak paj ki ouvè, menm si li se yon paj kretyen. Fè parèt sou paj yo a bann foto fanm toutouni e sedwizan, mande yo pou yo klike pou rankontre bann bèl fanm. Imaj la pral genyen bann degre maji pou sediksyon ladann e si yon gason gade'l de fwa, l'ap chame. Yon fwa ke li klike sou li, l'ap kondane e non'l ekri nan liv mwen an, e nou pral mete nanm li nan yon kaj nan mond anba dlo a. Mwen se yon rènn, mwen chita an rènn, mwen pa janm vèv e mwen pap janm wè chagren.

20- Misyon satan nan lye piblik yo

Ale nan chak antrepriz nan tout mond lan fè degre maji sou tout prodwi ki ladan yo. Ale nan bank yo, lekòl yo, lopital yo, mache yo, lari yo e fè yo Konvwate nou. Mwen voye kèk nan nou tou nan lekòl yo pou inisye anpil jèn. Ba yo kado tout tan. N'ap pi entelijan nan klas nou yo, e kanmarad nou yo pral aproche yo sou nou, men akòde plis atansyon a kretyen yo, pou nou ka etenn dife yo a. Se pou nou pridan, kòm mwen te di nou deja, pa atake yo si dife yo a pa etenn, si non n'ap detwi.

21- Bag envizib

Yo deja ap rekonèt nou pa bag fizik yo. Kounye a, ***mwen pral ban nou bag envizib*** avèk yo nou pral touche tèt bebe yo kòm si n'ap eseye drese yo nan do manman yo. Nou menm enfimyè yo, avèk bag envizib nou yo, poze men nou sou vant fanm ansent yo e touye timoun sa yo nan vant yo. Rann lavi difisil a limanite. Yo pral fè tout bagay pou reponn a bezwen yo, menm si fòk yo peche. Gen bann ensanse ki pa konn kòman pou yo kenbe bouch yo. Yo bavade anpil. Yo pral pataje avèk nou tout projè yo. Detwi tout bon projè yo.

22- Bank san

Mwen voye nou kòm chofè bis paske nou nan Kat Tan, e nou bezwen anpil san nan bank san nou an. Kan nou rive sou pon an, lage bis la nan lanmè. Mwen voye nou tou kòm chofè machin gaz yo. Si nou rive la kote ki gen anpil moun, mete dife sou machin gaz la e touye anpil moun. Moun fou teroris islamis yo pa ban nou ase san nan bank nou an. Nou menm fanm yo, kan nou fin itilize pomad nou yo, rete a kote chofè yo. Si yon moun ap preche nan bis la, verifye miwa espiritèl nou an pou wè si moun sa a sove ou non. Si li pa sove, provoke yon

aksidan e ke li mouri. Moun yo eseye pou sove nanm alòske y'ap viv nan peche. Chak fwa ke nou koze bann aksidan, plase tib nou yo sou yo, rasanble san yo e voye'l nan bank san nou an.

23- Bezwen san ijan

Chak fwa ke nou bezwen san ijamman, jis mache nan mitan moun ki gen abiman nou yo ou k'ap itilize objè nou yo tankou pafen, fa, bijou, bagay tache cheve yo, ou pèmanant, bag, ak lòt prodwi bote. Jis plase tib nou yo sou yo e bwè san yo. Bwè san nenpòt moun ki renmen abiye tankou nou.

24- Satan mete ajan'l yo an gad

Mwen pa bezwen menm ankò pou raple nou ke mwen te transfòme 967 nan kòlèg nou yo an poud pandan dènye reyinyon an paske yo te echwe nan tach yo. Fou krematwa a toujou disponib pou tout moun ki echwe nan misyon sa a. Nou avèti! Mwen te ban nou tout bagay. Nou pa manke anyen. Mwen te ban nou ase richès, pisans pou anvoute avèk je nou. Mwen te ban nou ase pisans pou anvoute avèk tete nou ak kwis nou. Jèl ak pomad yo ke mwen te ban nou yo soti dirèkteman nan men satan li menm. Yo te fabrike a pati saliv lisifè. Depi nou itilize yo sou vizaj nou, kwis nou ak tete nou, tout moun ki pral wè nou pral konvwate nou. Si youn nan jèn konvèti sa yo pa priye ase, li menm tou pral sedwi. Fè tout bagay pou moun yo ka inisye. Veye pou youn nan yo pa prè pou retou Nonm Jis sa a.

25- Lisifè pa tolere

Rèn kot la te parèt avèk ògèy. Li te vini avèk 6 vach, pandan'l t'ap di: 6 vach sa yo se nouvo manm ki te rete chita kan mwen te mande pou nou tout te kanpe a. Mwen te transfòme yo an bèf. Nou kwè ke nou pral dezobeyi'm tankou nou dezobeyi Nonm Jis sa a nan refize mete nou debou nan legliz la kan yo mande nou sa? Nou panse ke se konsa nan wayòm nou an? Isi a, pa gen endisiplin. Si nou endisipline, n'ap detwi. Mwen pral itilize moun sa yo kòm yon ajan bouk pou avèti nou. Nou manke pitye isi a e nou pap janm tolere dezobeyisans; men si nou dispoze e obeyisan, n'ap manje byen wayòm mwen an. Nou menm komèsan yo, ale nan mache yo avèk moun sa yo, touye yo e vann vyann yo a ensanse k'ap achte yo ki pa janm priye anvan yo ale nan mache.

26- Lisifè an kòlè

Li sanble ke nou pèdi batay la e chèf nou an li seryezman an kòlè kont nou. Tan nou an kout, e nonm ke Nonm Jis la ap chache a pral rive talè, si n'ap pèmèt a moun yo ale nan Syèl, Sou 350 000 nanm ki te mounri pandan 4 dènye mwa yo, 4 lòt te rive nan syèl, kounye a pa gen tan menm ankò pou pèdi, nou dwe trè aktif nan tout operasyon nou yo. Fanm sa a sou ekran'm nan se li menm y'ap chache plis. Li nan Ouganda. Demon ki nan wayòm 9-9 yo te fè'm konnen ke 2 nan 4 ki te rive nan Syèl yo te soti Ouganda a travè dam sa a, youn nan Zànbi e lòt la nan Nijerya. Kounye an mwen voye 22 nan nou bò kote'l. Fè tout mouvman posib. De nan nou pral fè sanblan nou fenk vin rete nan ri'l la; ale nan kay li a pretann ke nou se evanjelis nou vle mennen'l bay Kris. Li pral di nou ke li menm tou se kretyen. Mande'l kote li pèsèvere, di'l nou fenk vin rete nan katye a, e al mache nan legliz li a.

Antan ke nouvo nan katye a, li pral sèl zanmi nou, kounye a ***kòmanse pou etenn fwa li ti kras pa ti kras nan ba'l kado polye. Pa janm ba'l tan pou etidye Bib la, rele' chak fwa ke li pral priye, e pale avèk li jiskas ke li bliye priye. Etenn zèl li a.*** Ke 6 nan nou jwenn travay kote l'ap travay la, epi kòmanse operasyon nou an nan biwo'l la. De nan nou dwe travay tankou ajan netwayaj. Envoke move lespri sou tab li yo ak sou dosye'l yo, e envoke demon ak lespri konfizyon ak fatig nan biwo kote tab li a ye a. Ke 2 nan nou travay kòm kòlèg li, e de lòt kòm mesaje'l. ***Etidye'l pou nou konnen kiyès ki zanmi pi pwòch li, e mete lespri èn nan zanmi'l yo e ke yo rayi'l san okenn rezon. Rann patron li a di avèk li pou atire kòlè li.***

Ke de nan nou ale nan lekòl timoun li yo e vin profesè, epi inisye yo. Ke de lòt ale nan biwo mari'l envoke lespri kòlè ak èn sou li pou ke li kòmanse deteste'l, e li pral ede nou tou pou pèsekite'l, tandiske sa ki nan lari yo pral fè sanblan ap rekonfòte'l. Pa atake'l kounye a paske dife a ap brile nan li, sinon n'ap detwi. Anpil nan ajan'm yo ke mwen te voye kont li te detwi pa priye'l yo. Li nan tèt lis la e afè'l la deja devan lisifè. Sila ki pran'l lan pral fiti prens ou prensès.

27- Boko Haram se youn nan enstriman nou yo

Nou te reyisi pou itilize teroris Boko Haram yo pou febli progresivman yon pati nan nò Nijerya. Mwen te ensite kèk nan sèvitè'm yo pou fè disparèt krisyanis lan nan Nijerya. Kounye a, kreyen yo te kòmanse ap cache pou yo pa konnen si yo se kreyen. Mwen te promilge lwa sou abolisyon predikasyon levanjil nan kèk katye nan nò Nijerya. Nou pral fè krisyanis tounen yon bagay pase nan Nijerya, menm jan nou te fè'l nan Tiki. Nou pral genyen. Nou menm, demon fristrasyon yo, mwen voye nou toumante moun yo e fè yo pèdi tout espwa e jete Bondye yo a pou finalman vini prostène yo devan nou.

28- Nouvo misyon lisifè

Mwen te resevwa nouvo enfòmasyon nan men lisifè. Nou vle lanse yon maladi ki pap ka geri nan mond lan, sitou nan Nijerya. Maladi sa a pral kontrakte pa twalèt yo. Sèl mwayen pou geri nan maladi sa a se ta pran medikaman ki pral ban nou mak bèt la. Medikaman yo prè, men nou dwe lanse maladi a. ***[Fen diskou rènn kot la].***

29- Leson pou aprann

Moun mwen renmen yo, prèske tout misyon ke rènn kot la te konfye ajan'l yo kont Legliz la ak kont Pitit Bondye yo dwe reyisi sèlman swa nan adopsyon ak pratik fos doktrin nan, swa nan inyorans, swa neglijan, swa nan dezobeyisans a Bondye ki genyen lanmou mond lan ak konvwatiz kò a ladann. Nou pral egzaminen diferan misyon sa yo nan bi pou fèmen pou ajan lanfè sa yo, tout pòt nan vi nou.

29.1- Konsekans fos doktrin nan

Mwen pat sispann nan ansèyman'm yo pou raple nou ke lefèt ke yo abandone sèn doktrin nan te bay satan lib aksè nan Legliz la. Pòt ke demon yo pase pou reyisi misyon yo a nan Legliz la ak nan lavi Pitit Bondye yo se konsekans adopsyon fos doktrin nan pa Kreyen yo. Abandon doktrin Jezi Kris la nan profi doktrin satanik la ki pa gen okenn fondman bibliik, se sous malè vrè Pitit Bondye

yo nan jou nou yo. E abandon sèn doktrin sa a pa yon bagay ki fèt pa aza. Kèk chwa deside ajan satan yo ke yo voye nan mond lan kòm pastè pou ouvri bann swadizan legliz, avèk èd konpanyon demon yo a ki degize yo tankou Pitit Bondye.

Diferan gwoup foli yo ke rèn kot la voye ajan'l yo antre ladan yo a, pat dwe deja egziste nan Legliz. ***Satan voye ajan'l yo antre nan gwoup akèy yo, gwoup priyè yo, gwoup entèsesyon yo, gwoup delivrans yo, gwoup koral yo, gwoup louwanj yo ak adorasyon yo, gwoup jèn yo, gwoup fanm yo, gwoup moun marye yo, gwoup moun ki poko marye yo, lekòl dimanch yo, elatriye.*** Konnen yon fwa pou tout ke ***tout gwoup sa yo yo satanik.*** Okenn nan gwoup sa yo pa bibli, e okenn pa dwe egziste nan yon veritab Legliz Jezi Kris. Tout enspire nan mond fènwa a, e la kòm yon pòt antre pou demon yo nan Legliz la.

Pou nou menm ki pa gras Bondye konn li, mwen gen yon ti devwa pou'm ban nou. Pakouri tout Nouvo Testaman an. Li pa trò long. Nou ka li tout nouvo Testaman an nan de jou si nou lib, ou nan yon semèn ou plis. Pou nou rasire ke sa ke m'ap ansenye nou an li vrè, sakrifye kèk jou pou reli tout Nouvo Testaman an nèt. Depi nou jwenn ladann youn nan gwoup satanis sa yo, jis yon sèl, soulinye'l pou mwen, e fèm siy pou'm ka repanti'm. E si nou pa jwenn okenn nan gwoup sa yo, repanti nou e soti rapidman nan tout legliz satanik ke nou ladan yo a. Modèl kil ke nou gen jodi yo, yo enpòte nan mond anba dlo a. Se pou sa ke li fasil pou ajan satan yo antre landan yo, pou yo enstale yo ladan yo, e pou opere libman ladan yo.

Si nou vle sove, kouri pou tout fo legliz ke modèl yo enpòte nan mond anba dlo a. Soti nan tout legliz ke ladann gen yon gwoup konsa. Legliz la nan li menm fòmè deja yon gwoup, e pa bezwen okenn ti gwoup anba. Si nou vle konnen kòman yon veritab Legliz Jezi Kris dwe fonksyone, nou rekòmande nou lekti ansèyman sou Legliz la, ke n'ap jwenn sou sit la www.mcreveil.org.

29.2- Danje estrikti monden yo nan Legliz la

Yon lòt abominasyon ki te anvayi Legliz la nan jou nou yo, se nosyon biwo a, sekretè, ak lòt. Chak swadizan sèvitè Bondye gen kounye a yon biwo ak o mwen yon sekretè. Ajan satan yo ke n'ap rele pa abi pastè yo prouve nou ke yo se bann direktè antrepriz prive, e non bann pastè. Pou yo legliz la se tankou yon antrepriz prive, yo jere'l konsa, avèk yon biwo, plizyè sekretè, plizyè sekretè pou yo menm menm, elatriye. Se nan estrikti satanik sa a, ke ajan ke rèn kot la voye yo y'ap antre e travay libman e fasilman. Depi nou fin li nèt Nouvo Testaman an kòm mwen te sot rekòmande nou'l, montre'm ki bò nou jwenn modèl legliz sa yo ke ajan dyab lougawou sa yo kreye jodi a. Se deviyasyon sa a ki pèmèt satan reyisi tout projè'l yo kont Legliz la e kont Pitit Bondye yo. Si Legliz te rete sou modèl sèn doktrin nan ou Legliz primitive la kòm nou renmen souvan rele'l, okenn misyon satan kont li pa tap reyisi.

Gen de kategori ajan satan ki profite estrikti satanik sa a. Gen yon kote demon fanm yo k'ap travay nan biwo pastè yo. Yo gen pou misyon, yon kote, pou vale kèlke pastè ki pa ajan dyab ki nan inyorans yo te kopye modèl legliz satanik yo, e, yon lòt kote, pou inisyè Pitit Bondye yo a pati propozisyon ke y'ap ofri yo nan privilèj vin sekretè pastè a. Genyen lòt kote a demon gason yo k'ap travay tankou pastè. Biwo pastè sa yo se pou yo yon lye ideyal pou opere ak byen

inisye Pitit Bondye yo nan dyab nan tout libète. Kèk nan demon pastè sa yo te menm enstale kabann nan biwo yo a. Lòt gen kareman pou biwo bann gran al tankou al otèl yo, avèk yon chanm separe ak yon salon. E chanm nan non sèlman gen yon kabann, men li mèble nèt. Chanm sa a sèvi vrè biwo kan salon an sèvi sal resepsyon.

Nou pral mande tèt nou sètènman a kisa ka byen sèvi yon kabann nan biwo yon swadizan pastè. Nou konnen byen ke relasyon seksyèl se pou satan mwayen ekselan pou siyen pak avèk moun anjeneral, e avèk Pitit Bondye yo menm. Biwo demon pastè sa yo donk sèvi yo pou vale plis fanm a travè relasyon seksyèl. Se pou sa ke yo pa jennen yo pou yo toujou gen yon kabann nan biwo a.

29.3- Bag, chèn, ak lòt bijou

Senyè a te deja revele nou ke swadizan sèvitè Bondye yo ki pote bann bag ak tout sòt chèn, se bann ajan satan. Bag sa yo ak chèn sa yo se bann objè pisans satanik ke dyab la ba yo pou domine ak enfliyanse fidèl yo. Kounye a ke yo konnen nan mond yo a ke Senyè a te mete yo toutouni, e ke tout vrè Pitit Bondye yo konn rekonèt kèk pastè satan jis pa bag yo ak chèn yo, yo kreye sa ki envizib. Se bann bag ak chèn envizib ke kèk nan demon sa yo pral pote dezòmè. Donk pa lèse ke moun ke nou pa konnen nati espiyèl yo enpoze nou lamèn, ou touche tèt nou ou tèt pitit nou yo. Se pou nou vijilan.

An konklizyon, konnen yon fwa pou tout, ke **swadizan bann sèvitè Bondye sa yo ki pote bag, chèn ak braslè, se bann ajan satan**. Yo te enpoze yo objè sa yo depi nan mond fènwa yo. Nou pap wè yon vrè sèvitè Bondye lye tèt li pa bann pak satanik a travè objè konsa yo. **Si nou nan yon legliz ki dirije pa youn nan ajan dyab lougawou pastè sa yo ki pote swa yon bag, swa yon chèn, swa yon braslè, soti la rapidman si nou vle sove**. Kèk nan ajan dyab lougawou sa yo pral tante pou jistifye tèt li, e pral di nou ke bag yo a se sa yo renmen rele **"alyans" la**. Konnen ke yon bagay konsa pa egziste nan Bib la. Si nou vle byen konprann nosyon alyans sa a, ale nan ansèyman sou **Maryaj la**, ke n'ap jwenn sou sit la mcreveil.org.

29.4- Jèn ajan dyab lougawou yo pou kontrekare nou

Nan mitan kretyen yo, se pa tout moun k'ap jwe k'ap fè'l pou Senyè a ou pou byen Legliz la. Souvan kan n'ap pran kèk moman jèn, kèk pami nou ap jwe, se pa pou mennen menm konba avèk nou, men pou resevwa pisans nesès nan mond fènwa yo pou yo ka pa konsime pa dife Bondye a ki pral degaje nan nou an.

29.5- Rèv, sonj, vizyon ak revelasyon

Moun mwen renmen yo, konnen ke manipilasyon mond fènwa yo yo souvan nan yon nivo ekstrèmman wo, e depase bon sans moun. Se poutèt sa ke Pitit Bondye yo dwe egzèse yon trè gran disènneman, ak yon trè gran pridans. Kòm nou konnen'l deja, plizyè nan sonj yo ke nou resevwa, se rezilta yon manipilasyon sofistike nan mond fènwa yo. Pa janm pran risk ankò menm pou kwè nan sonj yo nenpòt kòman, san disènneman. Kèl ke swa klate ak eklèsisman yon sonj, pa konkli san verifikasyon, ke li soti nan Bondye. Ale toujou devan Bondye, sou jenou nou, verifye si se vrèman Li menm ki dèyè sonj sa a. Satan konn fabrike bann sonj trè konvenkan.

Li konn menm fabrike konfimasyon sonj sa yo. Donk nou dwe fe trè atansyon. Se pou sa ke mwen te avèti nou nan ansèyman sou maryaj la pou pa janm baze chwa konjwen nou an sou rèv yo, sonj yo, vizyon yo ak revelasyon yo. **Konnen yon fwa pou tout, ke Bondye pap janm ban nou yon mari ou yon madanm nan yon sonj. Jamè.** Tou mari ak madanm ke nou resevwa pa yon sonj soti nan satan. E pou nou ki deja marye, si chwa konjwen nou an te fèt pa yon sonj ou yon vizyon ou yon profesyon, konnen ke nou gen pou patnè yon ajan mond fènwa yo. Nou sètènman konstate'l deja.

29.6- Zanmi nan mitan Kreyen yo

Legliz lan kòm li deja polye ak enfiltre pa anpil ajan satan, e milye kreyen an vini kòm nou konnen an, li trè difisil nan jou nou yo, pou viv kominyon fratèlèl la jan Senyè a te rekòmande'l la. Nou dwe trè pridan ak trè vijilan. Anvan aksepte zanmi yon swadizan frè ou yon swadizan sè, tann pou wè fwi'l yo. Piga nou prese pou mare bann relasyon ak lòt amitye san disèman. Sinon n'ap peye pri a. Fè trè atansyon a moun sa yo ki fenk vin Legliz la, vle trè rapidman mare bann zanmi tay, e fè tout efè yo pou fòse bann kontak, bann rankont ak bann vizit pa riz.

Nou dwe egalman veye pou pa otorize vizit endividyèl ant fidèl ki gen sèks opoze yo. Deja menm ant vrè Pitit Bondye yo risk tantasyon an gran. Nou pa souzestime gran manipilasyon yo ak lòt pisan degre maji satan yo kont nou. E kan ajan satan yo fofile yo nan mitan Pitit Bondye yo, nou ka imajine rezilta a si yo ba yo limyè vèt pou yo opere libman. Pandan ke demon gason yo ap vale sè yo nan Legliz la, demon fanm yo ap vale frè yo, e sa pral katastròf.

29.7- Ensekirite lopital yo

Kòm nou sot li'l, lopital yo kontrole pa satan. Enfimyè yo ak medsen yo k'ap travay nan lopital yo se pou laplipa bann ajan mond fènwa yo. Gen kèk nan medikaman ki administre pou malad yo soti nan mond satan an. Kèk nan sereng yo ak lòt materyèl yo soti egalman nan mond fènwa yo. Sa mennen nou pou konprann ke lopital se pa yon lye sekirite pou malad, kontrèman a sa yo te pretann nan. Se poutèt sa, anvan pou pran desizyon pou ale lopital, nou dwe reflechi de fwa. Sijè sou sante ak lopital yo te trete nan yon temwayaj ki rele **"Maladi ak Alimantasyon"** ke n'ap jwenn sou sit la www.mcreveil.org. Nou rekòmande nou'l.

29.8- Danje mizik yo di ki mizik gòspèl la

Pou nou menm, vrè Pitit Bondye yo, yo pa bezwen menm ankò pou mete nou an gad kont mizik satanik yo. Nou konnen trè byen ke li danjere, se pou sa ke nou te deja kouri pou li. Men trè souvan, menm san nou pa rann nou kont nou retrouve nou ap chante ou ap fredone kèk nan chanson sa yo. Se yon erè grav. Evite sa a pati kounye a. Konnen ke senp fè fredone mizik satanik ekspozé nou nan atak demon yo. Pandan n'ap chante ap fredone bann mizik ki enspire e/ou konpoze pa mond fènwa yo, nou envite demon yo nan lavi nou.

Men byen ke nou te deja abandone mizik satanik la, nou tonbe san disèman nan pyèy yon lòt mizik demonyak ke satan te fè efò pou sèvi nou sou fòm mizik relijye ou mizik gòspèl. Nou te abandone rekèy kantik ki te enspire pa Sentespri a ke premye frè yo te kite pou nou yo, pou nou tounen nan mizik satanik ki te

fèt ak enspire pa mond fènwa yo, ki louwe dyab la, e non pa Jezi Kris. Retounen nan vrè rekèy kantik yo, si nou vle reyèlman louwe ak adore Jezi Kris sèl vrè Mèt la, e sèl vrè Bondye a.

Konnen ke tèm "**chantè kretyen**" ou "**chantè gospèl**" la n'ap itilize a, se yon betiz. **Li pa egziste ni chantè kretyen, ni chantè gospèl. Tout swadizan chantè kretyen sa yo se bann ajan satan. Y'ap chante pou glwa satan. Mizik pa yon metye nan je Bondye. Chanson an pa yon travay nan je Bondye.** Se sètènman yon travay nan je satan, men se pa nan je Bondye. Nan je Bondye, se chak Pitit Bondye ki dwe louwe ak adore Bondye. Pèsonn pa gen dwa chante pou lòt, e kèk pa dwe chante pou lòt yo. Tout Pitit Bondye, tout, san eksepsyon, dwe chante pou glwa Bondye; yo dwe louwe ak adore Papa a, nan lespri ak nan verite, e non pa a travè yon lòt moun, e non pa avèk bann enstriman sediksyon ki fèt ak fabrike depi nan mond fènwa yo.

Fè atansyon tou a moun sa yo ke n'ap rele **pastè mizisyen yo, Yo tout se bann ajan satan ki soti depi nan mond fènwa yo pou sedwi ak inisye Pitit Bondye yo nan dyab.** Kèk nan ajan dyab lougawou sa yo gen menm sa ke yo rele "**lekòl mizik**". Konnen ke tout lekòl sa yo ke yo di ki se lekòl mizik yo se bann lekòl dyab. Kou mizik yo se tou pou satanis sa yo bann okazyon pou sedwi jèn fi yo e fè yo antre nan bann peche seksyèl, pou posede yo ak angaje yo nan kan satan an.

Nan je Bondye, okenn lekòl ke yo di ki se lekòl mizik yo pa egziste. Bondye pa bezwen okenn lekòl pou ansenye Pitit Li yo kòman pou louwe'L ak adore'L. Tout lekòl sa yo se lekòl satanik, e tout pastè sa yo ki te kreye yo a ak moun k'ap dirije yo a, se bann ajan lanfè. Ke ansèyman sa a klè pou tout pitit Bondye, yon fwa pou tout. Si nou vle byen konprann sijè sa a, ale nan ansèyman ki rele "**Louwanj ak Adorasyon**" ke n'ap jwenn sou sit la mcreveil.org. Nou menm Kretyen ki te nan lekòl satanik sa yo ki rele lekòl mizik, soti la rapidman. E nou menm pastè mizisyen, si nou nan antrepriz satanik sa yo pa inyorans, repanti nou e abandone sa rapidman, e enplòre gras Bondye pou delivrans nou. Si malgre tou nou chwazi pou nou rete landan yo, lanfè a ap tann nou.

29.9- Estrateji demon yo pou pètibe moman adorasyon nou yo

Moun mwen renmen yo, kòm nou te li'l nan diskou rèn kot sa a, youn nan misyon ajan satan yo, se fouye chan pa yo ak dans pa yo nan mitan Pitit Bondye yo, pou ke Bondye jete tout louwanj lan ak adorasyon Pitit Li yo. Donk nou dwe fè atansyon avèk chan san sans yo ke n'ap chante yo. Fè egalman atansyon avèk dans biza ke n'ap danse yo nan legliz yo. Se pou nou vijilan; ajan satan yo trè rize. Si nou nan legliz sa yo kote ajan dyab lougawou sa yo ka chante tout betiz yo a ak danse tankou demon yo libman, soti rapidman. Konprann yon fwa pou tout ke Legliz Jezi Kris la pa yon lye pou amize'w, men se yon lye ki bèl e byen pou sanntifye e pou prè pou Syèl la.

Te genyen kèk ajan dyab lougawou konsa nan mitan nou nan pase; bann demon ki te gen misyon pou anile tout louwanj nou yo ak adorasyon nou yo. E yo te akonpli misyon yo a avèk siksè ki te rann dyab la trè fyè de yo. Chak fwa ke nou te nan plen louwanj ak adorasyon, youn nan demon sa yo te leve li, fè kèk pa dans biza, e chak moun te pete ri e t'ap kraze kò yo, e louwanj lan ak adorasyon

an te kanpe. E demon sa a te fè'l nan fason pou pa ki te pèsonn endiferan. Manipilasyon satanik ki te akonpanye grimas sèpan sa a te yon jan ke pèsonn moun pat ka sispann ri. E kan se pat pa dans satanik, se te lòt bizari ki te gen menm bi a, bi pou kanpe louwanj lan ak adorasyon an. E a chak fwa malerezman, demon sa a te ranpòte vikwa. Premye fwa yo nou te banalize ajisman sangren sa yo, panse ke se te ti maladrès konsa konsa. Men a mezi ke menm komedi a t'ap repete, nou te konprann ke se te yon gran pyèj satan ki te tann pou nou. Pa gras Bondye nou te mete fen a foli sa a.

Pitit Bondye yo, veye pou no pa janm tonbe menm ankò nan pyèj ke ajan satan yo tann pou nou. Sèpan sa yo konnen byen degize yo tankou pitit Bondye pou opere san sispèk nan mitan pèp Bondye a. Donk nou dwe itilize tout eleman disènneman yo ke Senyè a te ban nou, pou trape rapidman demon sa yo, ke nenpòt degre mouvman riz yo a. Pa lèse menm ankò menm yon ti kras posiblité de nenpòt vikwa satan nan mitan nou.

29.10- Danje fim ke yo di ki se fim kretyen yo

Moun mwen renmen yo, fè trè atansyon avèk fim sa yo ke yo di ki se fim kretyen sa yo. Plizyè nan fim sa yo pa gen anyen pou wè ak kretyen. Yo totalman satanik, e ki te fèt, nan mond fènwa yo pou kontamine Pitit Bondye yo, kòm nou sot li'l. Youn nan misyon satan se pou atake tout sa ki ka edifye Pitit Bondye yo. Piske li konnen vrè Kretyen yo kouri pou fim monden yo e yo entèrese yo ak fim kretyen yo, li te bay ajan'l lòd pou prodwi bann fim ke yo di ki se fim kretyen, men ki se bann vrè bagay dyab ak bann vrè inisyasyon nan dyab ak pònografi. Satan te kontamine tout fim sa yo ke yo di ki se fim kretyen yo, ke yo se oksidan ou afriken.

Pandan n'ap pale de fim kretyen oksidan yo, vrè Pitit Bondye yo ki te wè resan vèsyon fim tankou Jakòb, Jozèf, Samson ak Delila, David ak lòt yo, te choke pou konstate ke fim sa yo se bann vrè fim pònografik. Yo te mande tèt yo ki bann swadizan kretyen ki kapab konpoze ou jwe yon bagay sal konsa. Nou konprann kounye a ke moun sa yo pat janm se Pitit Bondye. Se bann ajan lanfè yo voye nan misyon kont pèp Bondye a. E pou fim afriken yo menm, se yon melanj pònografi ak bagay dyab. Li vin trè difisil pou jwenn yon sèl nan fim sa yo, ki pa gen pònografi ak bagay dyab ladann. Kan nou pa jwenn yon fòm salte, nou jwenn yon lòt ladann.

29.11- Danje kado yo

Kòm nou sot li'l, kado yo se yon lòt zam ke ajan satan yo itilize kont Pitit Bondye yo. Donk nou dwe fè trè atansyon a moun sa yo ki fè efò pou vyole konsiy sèn doktrin nan, e ki kontinye ap ban nou kado an prive. Konfòmman avèk sèn doktrin nan, tout moun ki te gen yon byen ou yon don pou bay Bondye, te vin depoze'l nan pye Apot yo, e se yo menm, Apot yo, ki te kapab distribiye yo selon bezwen frè yo. Pratik sa a gen plizyè avantaj kòm mwen pral eksplike nou li:

Premyèman, vrè Pitit Bondye yo k'ap bay yo yo pa tante pa ògèy. Yo pa bay pou fè moun wè yo, e yo pa bay pou moun apresye yo. Dezyèmman, yo pap tann remèsiman nan men yon frè ou yon sè ke nenpòt paske li pat bay anyen dirèkteman avèk yon frè ou a yon sè; e la se Senyè a sèl ki remèsye yo, e beni yo. Twazyèmman, tout projè anpwazonman ou degre maji sa yo ki pral jwenn

pitit Bondye a menm, pa gen okenn chans pou pase, tout pòt tranzaksyon sa yo fèmen.

Donk nou wè ke si Legliz la te rete nan modèl sa a, moun rèn kot la voye yo pa tap trape okenn pitit Bondye pa pyèj sa a. Men yon lòt konsekans abandon sèn doktrin nan. An konklizyon, konnen yon fwa pou tout, ke tout swa dizan pitit Bondye ki, byen ke nan konnen ansèyman yo, vyole yo e kontinye ap fè Pitit Bondye yo kado prive, se bann ajan satan. Se bann moun rèn kot la voye. Swadizan kado sa yo se bann pwazon. Pa aksepte yo. Pa aksepte okenn kado prive nan Legliz la. Egziye ke prensip sèn doktrin yo respekte.

29.12- Danje maryaj ki fèt nan presipitasyon

Kòm nou sot li'l, yon lòt misyon moun rèn kot la voye yo nan Legliz la, se pou marye avèk vrè pitit Bondye yo. E kan yo reyisi jan misyon sa yo, yo vale totalman viktim yo a. Sèl zam pou konbat pyèj sa a, se pasyans kòm mwen te eksplike'l nan ansèyman sou maryaj la. Mwen te konseye nou pou **fè o mwen twa ane avèk yon frè ou yon sè nan Legliz la, anvan pou nou angaje nou nan yon maryaj** avèk gason an ou avèk fi a. Twa zan sifizan pou detekte tout fwi yon ajan satan, kèl ke swa pisans ipokrizi, manipilasyon, ak riz li.

Donk pa pran risk pou nou marye nan presipitasyon, ou anba presyon, e pa janm marye avèk yon moun ke nou pa byen konnen. Konnen si nou tonbe nan pyèj pou epouze yon ajan satan, li pral trè difisil pou nou pou chape Lanfè a. Ajan satan an ke nou te epouze a pral fè tout bagay pou etenn lavi espiyèl nou e pran nou pou satan. Donk pa ezite pou ekspozè tout moun ki itilize metòd satanik pou pouse nou nan maryaj, a tout moun k'ap itilize riz pou fè presyon sou nou pou ke nou epouze yo.

29.13- Danje televizyon ke yo di ki se televizyon kretyen yo

Yon lòt bagay ki pat manke sètènman atire atansyon nou nan misyon moun rèn kot la voye yo, se lòd pou ouvri bann estasyon **televizyon** ak **radyo** pou pi byen sedwi milye relijye a. Kòm mwen te di nou li deja nan ansèyman sou **"Disèneman an"**, pa gen televizyon kretyen. Tout televizyon sa yo ke yo di ki se televizyon kretyen yo se bann enstriman propagann pou satan. Nou pa bezwen anpil disèneman pou rekonèt sirèn sa yo k'ap fè jounalis sou chèn sa yo. Sèlman pou yo ka wè yo, nou rekonèt yo. Makiyaj yo a, abiman yo, ak lòt fòm sediksyon trayi yo. Swadizan sèvitè Bondye yo k'ap pase sou chèn sa yo, piblisite satanik k'ap defile ladan yo, salte yo ke nou jwenn ladan yo ak sijè k'ap debat ladan yo yo sifizan pou prouve nou ke chèn sa yo se pou satan. Donk si nou vle pale de televizyon, pale de televizyon. Sitou pa mete mo **"kretyen"** devan. **Konnen yon fwa pou tout, ke pa gen okenn televizyon kretyen.**

29.14- Rekonèt ajan satan yo pa atachman yo avèk vanite a

N'ap rekonèt pi fasilman kèk misyonè rèn kot la nan mitan nou pa atachman yo avèk vanite. Si nou rekonèt bann swadizan sè ki, malgre tout ansèyman yo ke nou te resevwa, kontinye ap pote **bijou**, ap **makiye**, e ap pote **alonj ak grèf ak lòt cheve satanik** sou tèt yo, Konnen ke yo moun ke rèn kot la voye. Mete yo deyò nan mitan nou san pèdi tan. Nou konprann kounye poukisa yo pa kapab soumèt yo avèk ansèyman ke Senyè a te ban nou yo. Yo se bann ajan sediksyon. Yo gen pou misyon pou atire frè yo nan peche seksyèl.

Si nou konnen bann swadizan frè ki, malgre ansèyman yo ke nou te resevwa yo, kontinye ap pote bijou, ap **makiye**, e ap fè koupe bab yo tou won ak bann koup monden yo ap fè yo, konnen ke yo se moun ke satan voye. Mete yo deyò imedyatman nan mitan nou. Nou konprann kounye a poukisa ke yo pa kapab soumèt yo avèk ansèyman ke Senyè a te ban nou yo. Yo se bann ajan sediksyon. Yo gen pou misyon pou atire sè yo nan salte seksyèl yo. E si nou nan yon legliz kote bagay sa yo pratike libman e san yo pa pini yo, soti rapidman la.

29.15- Rekonèt fanm ajan dyab lougawou yo pa abiman yo

N'ap rekonèt kounya kèk misyonè rèn kot la nan mitan nou. Si nou rekonèt bann swadizan sè ki, malgre tout ansèyman ke nou te resevwa, kontinye pote bann jip kout, bann rad kout ak lòt abiman ke yo di ki seksyèl yo ki ekspozè janm yo, tete yo ak fòm kò yo, konnen ke yo se fanm ke rèn kot la voye. Mete yo deyò nan mitan nou san pèdi tan. Nou konprann kounye a poukisa ke yo pa kapab soumèt yo avèk ansèyman ke Senyè a te ban nou yo. Yo te resevwa bann menas sevè nan men rèn yo a.

Te genyen bann fanm ajan dyab lougawou konsa nan mitan nou nan pase. Bann jèn fi ki, malgre tout ansèyman yo ke yo te resevwa, malgre avètisman yo, malgre lefèt ke ozalantou yo tout lòt sè yo te obeyi avèk Senyè a nan pote rad long e desan, pat janm pote abiman ki te depase jenou yo, e te fè toujou efò pou ekspozè tete yo ak lòt pati nan kò yo. Nou pat rive konprann sa ki te ka jistifye sa. Kèk nan fanm lougawou sa yo te sa ke nou gen abitud rele souvan an **"moun ki fèt nan levanjil"**, sa vle di timoun ki fèt swadizan tou kretyen, timoun ki fèt pandan ke papa a ak manman an te deja aksepte Jezi Kris kòm Senyè yo ak Sovè pèsonèl yo. Kèk nan vipè sa yo te menm pitit swadizan pastè.

Kan Senyè a nan lanmou'L te revele vrè nati yo, frè yo te mete yo deyò san pèdi tan. Se byen kounye a ke yo konprann poukisa ke yo pat kapab, malgre klate ansèyman yo, malgre avètisman nou yo ak menas nou yo, obeyi a Bondye nou an. Yo te mete yo pou obeyi pito avèk bondye yo a e mèt yo a satan. Yo te gen pou misyon pou yo prostitiye, pou sedwi ak pou atire maksimòm frè nan salte seksyèl. Donk konnen ke tout swadizan kretyen konvèti sa yo ki kontinye abiye tankou ajan lanfè yo, yo byen se ajan lanfè. Nou pap wè yon vrè fi pitit Bondye ki te deja byen resevwa ansèyman sou abiman fi, ap pote ankò pantalon, ou jip kout ak rad kout ak lòt rad endesan. Nou pap janm wè yo. Se ajan rèn kot sa yo k'ap fè rebèl kont konsiy Bondye yo nan fason sa a. E yo fè'l paske yo pa gen chwa. Se misyon yo. Se pou sa ke yo vin nan mond sa a.

29.16- Non Jezi Kris imite

Nan pase li te trè difisil pou pastè satan yo prononse non Jezi Kris. Ke te nan fen priyè yo, ou nan predikasyon yo, ou alò bann swadizan mirak ak lòt gerizon ke yo te opere, yo te konn evite swanyezman pou itilize non Jezi Kris. Pafwa kan yo te santi yo kwense, yo te prononse rapidman non Jezi, men jamè Jezi Kris. Eleman sa te vin yon eleman disèneman pou Pitit Bondye yo. Moun satan yo te rann yo kont, e nan mond yo a yo te elabore yon estrateji pou kontrekare difikilte sa a. Kòm satan se bondye ki renmen kopye, solisyon ki pi senp pou li a se te imite non Jezi Kris, menm jan li fè'l avèk non tout sèvitè Bondye yo nan Bib la. Donk li te chwazi yon demon li te ba li non jezi kris.

Kòm nou ka konstate'l kounye a, eleman disènneman sa a ke Pitit Bondye yo te genyen an pou rekonèt pastè ak predikatè satan yo, pa kenbe menm ankò. Tout sèpan sa yo prononse libman e klèman non Jezi Kris kounye, e yo santi yo lib pou prononse'l menm nan plizyè repriz. A yon moman menm, Pitit Bondye yo te trouble, e yo te mande tèt yo kòman sa te ka posib. Men yo te fin pa konprann jwèt satan an. Se sa ke rèn kot la konfime nan misyon'l lan avèk ajan'l yo.

Donk pa kite nou sedwi pa non Jezi Kris ke pastè ajan dyab lougawou sa yo ap itilize libman an swa nan predikasyon yo, swa nan priyè yo a. Jezi kris ke ap rele non'l nan, se pa Senyè nou an, Sovè e Mèt Jezi Kris nou an, Kreyatè Syèl yo ak Tè a, men pito yon demon mond fènwa yo ke dyab la te bay non sa a. Dayè se sa ke li te fe avèk non tout Sen ki pase yo, tankou Moyiz, David, Pyè, Jan elatriye. Nan mond fènwa a gen bann demon ki pote non sa yo, e satan sèvi avèk yo pou tronpe ajan inyoran'l yo. Se sa ke'l fè avèk anpil siksè pou avegle totalman inyoran ki nan sèk katolik la yo. Satan te bay yon demon non "*vyèj mari*", e jis nan jou sa a, plizye inyoran katolik kontinye kwè ke demon sa a rele "*vyèj mari*", se Mari manman Jezi. Dayè se pou sa ke yo akroche yo a Katolisis lan. Plizyè kwè y'ap adore Mari ki te manman Jezi sou tè a. Se tris!

Pou nou menm ki gen gras li ansèyman sa a, konnen ke tout non biblik sa yo ke satanis yo ap itilize yo se bann non pèsonaj ki imite. Ke se non **Jezi Kris**, ou pa Mari a, ou pa Profèt yo nan Ansyen Testaman an, ou pa Apot Senyè a, tout non sa yo demon pote yo nan mond fènwa yo. Donk pa janm tonbe menm ankò nan pyèj mansonj sa a, e pa etone menm ankò kan nou tande satanis yo ak pastè ajan dyab lougawou yo ap itilize libman non Jezi Kris san krenn anyen.

***Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an,
ak yon renmen ki p'ap janm fini!***

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!